ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№16 (24.766) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 6, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Псори зэгъэуIупхъэщ

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ Даванков Владислав КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ.

ЦIЫХУБЭМ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэмкiэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм тепсэлъыхьыну мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къеблэгъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ, «Новые люди» партым и фракцэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Даванков Владислав.

КIуэкIуэ Казбекрэ Даванковымрэ зэчэнджэщащ щIалэгъуалэ политикэмрэ мэкъумэшымрэ, туризмэмрэ экологиемрэ зэрызаужьыпхъэм теухуауэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ дзэм хэтхэм, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэм щхьэкIэ. «Нобэ дызэрыт щытыкIэм тепщIыхьмэ, унафэ зыIэщIэлъ къудамэ псоми ди лэжьыгъэр зэдгъэуIумэщ дыщехъулIэнур, Урысеймрэ абы щыпсэухэмрэ ефIэкIуэн папщIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Яухуэ, зэрагъэпэщыж, ирагъэфIакIуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ IэнатIэм блэкIа илъэсым щызэфIагъэкIахэмрэ адэкIэ къапэщылъ къалэнхэмрэ.

«УЗЫНШАГЪЭР хъумэн» лъэпкъ проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащIэ илъэситхум къриубыдэу сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзауэ зэрагъэпэщыжащ поликлиникэ къудамэу 31-рэ, къагъэщIэрэщIэжащ икIи яухуащ IуэхущIапIи 7. Ахэр иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, автотранспорткIэ къызэрагъэпэщащ.

ЩIыналъэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр къызэрагъэщIэрэщIэжам и фIыгъэкIэ, иужьрей илъэситхум диспансеризацэм къызэщIрагъэубыдэхэм я бжыгъэм процент 35-кIэ, къэхутэныгъэхэм - хуэди 10-кIэ хэхъуащ, абы ипкъ иткIи узыфэ къэхутэгъуейхэр нэхъ пасэу наIуэ къащI хъуащ.

Белая Речкэ, Кэнжэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Старэ Шэрэдж, Светловодскэ, Дей, Красносельскэ, Къубэ-Тэбэ жылэхэм дащIыхь амбулаторэхэм я ухуэныгъэхэр 2025 гъэм и кIэм нагъэсынущ. УнэтIыныгъэ куэду зэхэт республикэ сабий клиникэ центрым и педиатрие къудамэм, Нарткъалэ дэт сабий поликлиникэм, Бахъсэн район сымаджэщым и стационарым, апхуэдэуи Гундэлэн и амбулаторэмрэ Тырныауз и поликлиникэмрэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр щызэфIэкIынущ. Балъкъэр Ипщэм и участкэ сымаджэщыр, Къулъкъужын Ипщэмрэ Жэмтхьэлэрэ дэт амбулаторэхэр зыхуей хуагъэзэжыну я мурадщ.

ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын Iуэхум къыпащэнущ «Гъащlэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектыщIэм хыхьэу. Ар Урысейм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ мы илъэсым и пэщIэдзэм ирагъэжьащ, абы хуэунэтIа лэжьыгъэхэм республикэр жыджэру иужь ихьащ. Псори зэхэту IуэхущIапIэ 80-м нэблагъэ щIыналъэм щаухуэну е щызэрагъэпэщыжыну я мурадщ.

Мы зэманым и кIэм нагъэс Налшык щаухуэ, щIыналъэм щынэхъ ин дыдэу щытыну поликлиникэм и ухуэныгъэр. Ар икъукIэ щхьэпэ хъунущ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и терапие къудамэм зиужьынымкIэ.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я узыншагъэр зыхуэдэм теухуа электрон картэхэр гъэхьэзырыныр. А Iуэхум куэдкIэ иригъэфIэкIуэнущ абыхэм хуащIэну медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэгъэпэщыныр.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Абхъаз Республикэм зэрыдэIэпыкъунухэми. Къуэш республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зыщIагъакъуэу иратынущ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» машинэрэ ягъэIэпхъуэ УЗИ Iэмэпсымэрэ, къищынэмыщIауэ, реаниматолог IэщIагъэлIхэр хуагъэкIуэнущ.

Сэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ къеблэгъа, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Разин Андрей КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ. ЗэIущIэр зэрекIуэкIам КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щытепсэлъыхьыжащ.

«АНДРЕЙ Виктор и къуэм ди республикэм щригъэкIуэкIащ КИФЩI-м и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм я зэIущIэр икIи гъатхэ лэжьыгъэхэм зэгъусэу дытепсэлъыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс блэкIам мэкъумэш къудамэм къыщигъэлъэгъуа ехъулIэныгъэхэм я гугъу тщIащ. Мэкъумэш продукцэм и нагъыщэр процентти 106,6-м нэсащ, ар ахъшэкIэ къыубжмэ, сом меларди 110,7-рэ мэхъу: процент 58,7-р къэкIыгъэхэм, процент 41,3-р Iэщ гъэхъуным ехьэлIауэ.

Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэхэкIхэмрэ елэжь IуэхущIапIэ псоми зэхэту, мы гъэм япэу тонн мелуаным щIигъу гъавэ кърахьэлIащ, ар 2023 гъэм нэхърэ процент 30-кIэ нэхъыбэщ. Иджыри гектар 940-м мэракIуэрэ пхъэщхьэмыщхьэхэкIыу илъэс куэдкIэ гъавэ къызытекIыну къэкIыгъэ лIэужыгъуэхэр хасащ.

Мелиорацэми зыдогъэужь. Илъэс блэкIам псы зыщIагъэлъадэ губгъуэхэм къахэхъуащ гектар мини 5-м нэс.

Дызэрыт зэманым къалэн нэхъыщхьэу диIэр гъатхэ вэн-сэным зыхуэдгъэхьэзырынырщ. Бжьыхьэсэу хэтса гектар 65,3-р хъарзынэу хиубыдащ. Гъатхасэу гектар 216,5-м нэс хэтщIэну ди мурадщ. Лэжьыгъэхэр щедгъэкIуэкIыну губгъуэхэр илъэс блэкIам дызэлэжьахэрщ. Гъавэхэкiхэр, джэшхэкIхэр, сэхуран, хадэхэкIхэр, кIэртIоф хэтсэну ди мурадщ.

Жылэхэри догъэхьэзыр. Нартыху жылэр дэ езым зэдгъэпэщыж къудейкъым, адрей щIыналъэхэми етщэну Iэмал диIэщ. Минеральнэ щIыгъэпшэрхэр нэгъабэрей щытыкIэм къыкIэрымыхуу къыдошалIэ.

ХадэхэкIхэр хъума хъун папщIэ траутхэ хущхъуэ къызэредгъэшэн Iуэху зыдохуэ. Уэр къэкIыгъэхэм зэран къахуэмыхъун хуэдэу, хадэхэкIхэм ехьэлIапхъэр идохьэлIэ. 2020 гъэм щегъэжьауэ уэм уцышыхъумэ щIыпIэу 6 дгъэувакIэщ, мы гъэм иджыри зы зэдгъэпэщынущ. Мэкъумэш продукцэр хъумэным сом мелуан 40-м нэс хуэдутIыпщыну ди мурадщ. Мэкъумэш лэжьыгъэ псори республикэм зытетыпхъэм тету щокIуэкI».

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ республикэм къызэреблэгъам, сыт хуэдэ зэмани къэралым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и гулъытэр зыхащIэу къазэрыдэлажьэм папщIэ.

Урысейпсо диктант

Тхыдэр я тегъэщIапIэу

«ЩIэныгъэм ТекIуэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр» япэ урысейпсо диктантыр мазаем и 8-м екIуэкIынущ. Ар Урысей щIэныгъэм и махуэмрэ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъумрэ трауэхуащ.

КЛАСС нэхъыжьхэм щIэсхэмрэ студентхэмрэ папщIэ ирагъэжьа Iуэхум дэтхэнэри хэтыну хуитщ. Хэку зауэшхуэм и ТекIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа совет щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ теухуауэ упщIэ 25-рэ къызэщIеубыдэ диктантым. Абы елэжьар Урысей къэрал гуманитар университетым Урысей щIэныгъэм и тхыдэмрэ щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэмкIэ и центрым и IэщIагъэлIхэрщ.

Диктантыр онлайну щатхыну Iэмал яIэнущ диктант.наука.рф сайтым деж, сыхьэти 10-м ирихьэлIэу. Абы кърикIуэр асыхьэту къащIыIэрыхьэжынущ щхьэж къигъэлъагъуэ и электрон поштым.

Япэ урысейпсо щIэныгъэ диктантымкIэ я мурадыр щIалэгъуалэмрэ жылагъуэмрэ ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-м гулъытэ щхьэхуэ хуегъэщIынырщ, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ совет щIэныгъэм ича лъэбакъуэм, щIэныгъэлIхэм я гуащIэм ахэр щыгъэгъуэзэнырщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэр

Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэхэм екIуалIэ сабий мини 4-м нэблагъэр ерыскъы пщтыркIэ махуэ къэс къызэрагъэпэщ, абы щхьэкIэ пщIэ щIамыту. ЩIыпIэ бюджетым къыхэкI мылъкукIэ ягъашхэ пэщIэдзэ классхэм хэсхэм нэмыщI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сабий 58-рэ, зи узыншагъэкIэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэу къалъыта еджакIуи 138-рэ.

ЦIЫКIУХЭМ ирагъэшх ерыскъым и фIагъымрэ абыхэм ящIэлъ къэуатыр зыхуэдэмрэ къапщытэ абыхэм я адэ-анэхэм. Апхуэдэуи я нэIэ тетщ пщэфIапIэхэмрэ шхапIэхэмрэ я щытыкIэхэр санитар мардэм къызэритIасэр, я къабзагъыр зыхуэдэр, къимыдэкIэ, япщэфIыну шхыныгъуэхэр щаубзыхуэкIэ ахэр сабийхэм я узыншагъэм зэрыхуэкIуэнур къэлъытауэ ирагъэгъэхьэзыр.

ЕджакIуэ цIыкIухэм ирагъэшх ерыскъыгъуэхэр махуэ къэс яхъуэж икIи езыхэр зэрыхуейм хуэдэу щIэщыгъуэу хуапщэфI.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

КъулыкъущIэхэм я щIэныгъэм хагъахъуэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (АСМО) и правленэр КъБР-м и Правительствэм щызэхыхьащ. Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я советым» и гъэзэщIакIуэ унафэщI Маслов Николай, советым хэтхэр. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ АСМО-м и правленэм и унафэщI Пэнагуэ Максим.

ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ и правленэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтащ - зы гуп хагъэкIри, абыхэм япэбж щIэуэ къыхагъэхьащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и УнафэщIым и къуэдзэу хахащ Май щIыналъэ администрацэм и унафэщI Саенкэ Татьянэ.

ЗэIущIэм хэту зэрызэдэлэжьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэ зэраухылIащ КъБР-м и АСМО-мрэ «Эльбрус» корпоратив университетымрэ. «Эльбрус» университетыр къызэрыунэхуам, хузэфIэкIахэмрэ адэкIэ къалэну зыхуигъэувыжхэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ, АСМО-мрэ университетымрэ зэдэлэжьэн папщIэ я IуэхущIапIэм зэрыригъэблагъэр жиIащ а университетым и унафэщI Айбазовэ Тамарэ.

- Си гуапэщ муниципальнэ щIыналъэхэм я советхэм я зэIущIэм сызэрыхэтыр, республикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм зэгъусэу дызэрытепсэлъыхьыр.

2023 гъэм къэунэхуа «Эльбрус» корпоратив университетым илъэситIым къриубыдэу илэжьахэм сыкъытеувыIэну сыхуейщ. УФ-м и Президент Путин Владимир щIыналъэхэм щыIэ къэрал муниципальнэ лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым щыхагъахъуэ институтхэмрэ центрхэмрэ къызэIухын хуейуэ къыхилъхьащ 2023 гъэм. «Эльбрус» корпоратив университетыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэм тету къэунэхуащ. Ди IуэхущIапIэр «Урысейр Iэмалхэр щыкуэд къэралщ» президент программэм хэт «Сенеж» егъэджэныгъэ платформэм епхащ. ЩIыналъэхэм къулыкъущIэхэр щыгъэхьэзырынымкIэ абы къалэнхэр егъэув, ар гъэзэщIа зэрыхъуну Iэмалхэм теухуауэ дызэдолажьэ.

Муниципалитетхэм щыIэ къулыкъущIэхэм папщIэ программэ щхьэхуэхэр диIэщ. «Муниципалитеты 2.0»-р абыхэм ящыщ зыщ. ЩIэх-щIэхыурэ къыдогъэблагъэ «Сенеж» платформэм елэжьхэр, федеральнэ IэщIагъэлIхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и лIыкIуэхэр.

Май, Шэрэдж, Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм я къулыкъущIэхэр ди лэжьыгъэм къыхэтшащ. Дауэ ебгъэфIакIуэ хъуну муниципалитетхэр, сыт хуэдэ программэхэм ухыхьэфыну, мылъку дэIэпыкъуныгъэ щыбгъуэтыну, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр нэхъ тегъэщIапIэ щIыпхъэ? Мы Iуэхугъуэхэм теухуауэ дызэрощIэ. Сыхуейщ адрей районхэми пыщIэныгъэ яхудиIэну.

Корпоратив университетыр федеральнэ центрхэм я лэжьыгъэм жыджэру хэтщ. Нэхъ ищхьэкIэ зи гугъу сщIа «Сенеж» платформэр, «Мэшыкъуэ» центрыр абыхэм ящыщщ. «Команда управления КБР» зи фIэщыгъэр нэхъыщхьэ дыдэу дызэлэжь программэрщ. Ар республикэм и Iэтащхьэм и нэIэ щIэтщ. «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» программэми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Иджыблагъэ дыублащ СВО-м щыIэхэмрэ абы и ветеранхэмрэ защIэгъэкъуэн папщIэ илъэс пIалъэм тещIыхьа программэр.

Ди IуэхущIапIэр зэрылажьэ илъэситIым къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм цIыхухэм я зэфIэкIхэм зезыгъэужьу щыIэ центр нэхъыфI дыдэхэм ящыщ дыхъуащ. Лэжьыгъэм къыщыдгъэсэбэп Iэмалхэр щапхъэу къащтэ ди гъунэгъу щIыналъэхэми, - жиIащ Айбазовэ Тамарэ.

Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэр Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ ветеранхэмрэ зэрадэIэпыкъум къытеувыIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат.

- 2022 гъэм и гъатхэпэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэм тету къызэдгъэпэщащ СВО-м щыIэ ди цIыхухэм ядэIэпыкъуным епха Iуэхугъуэхэм кIэлъыплъ гуп. Гупыр ядолажьэ къэрал къулыкъущIапIэхэм, министерствэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм. Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, СВО-м щыIахэм, къулыкъум пэрыту хэкIуэдахэм я унагъуэхэм папщIэ 2022 гъэм и гъатхэпэм ягъэуващ мылъку дэIэпыкъуныгъэхэр: мобилизацэм хэту дзэ къулыкъум ягъэкIуахэм мазэ къэс сом мин 25-рэ ират; къулыкъум пэрыту уIэгъэ хъуахэм, щхьэж игъуэта фэбжьым елъытауэ, сом мини 100, 200, 300 зэрыIыгъыу Iэрагъэхьэ; Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я унагъуэхэм дэIэпыкъуныгъэу ират сом мелуан; зи арэзыныгъэкIэ а къулыкъум пэрыувэхэм ират сом мелуанрэ ныкъуэрэ, - жиIащ абы. Къыхигъэщащ а Iуэхухэм текIуэдэну мылъкуу республикэм и бюджетым щыщ сом мелардитIрэ мелуани 172-рэ зэрагъэбелджылар. Хъубий Марат къытеувыIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам лIыгъэ зэрахьэу хэкIуэдахэм я цIэхэр республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм зэрыфIащыр, лIыхъужьхэм фэеплъ пхъэбгъухэр зэрыхуагъэувыр, къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ музейхэмрэ библиотекэхэмрэ абыхэм я фэеплъ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрыщызэIуахыр.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр республикэм и щIыналъэхэмрэ къалэхэмрэ зэрадэлажьэм теухуауэ къэпсэлъащ фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед.

- Ди IуэхущIапIэр щыIэщ 2023 гъэм и мэкъуауэгъуэм щегъэжьауэ. Дадолажьэ щIыналъэ администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, министерствэхэм, къэрал къулыкъущIапIэхэм. Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыIэщ СВО-м и ветеранхэм я дэфтэр Iуэхухэр зэзыгъэпэщ лэжьакIуэхэр - «социальнэ координатор» жыхуэтIэхэр. Нобэ абыхэм я нэIэ щIэтщ ветеран 329-рэ. Фондыр зэрыщыIэ илъэсрэ мази 8-м къриубыдэу упщIэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыкъытхуагъэзащ цIыху мин 18-рэ 500 -м, - жиIащ абы. Дадэ МуIэед къыхигъэщащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, лIыхъужьхэм щапхъэ трахыным къыхуеджэным хуэгъэпса зэIущIэхэмрэ пшыхьхэмрэ республикэм щIэх-щIэхыурэ къызэрыщызэригъэпэщыр. Апхуэдэщ курыт еджапIэхэм щекIуэкI «ЛIыгъужьыгъэм и дерсхэр» Iуэхур.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм я зэфIэхыкIэ хъунур ягъэбелджылащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Гуауэри гурыгъузри къытощ

ТекIуэныгъэм и фэеплъхэр

Пщэдджыжьым укъэушрэ, унэм укъыщIэбэкъукIакъэ - жыгым пыт щхъуантIагъэр плъагъуу, ар узэрейр зыхэпщIэу, апхуэдэ дахагъэр щыкIыр уи щIыналъэу щыщыткIэ, угушхуэн фIэкIа нэгъуэщI къыпхуэнэркъым.

ХЭКУМ ущисыжкIэ, плъагъуу хъуар пфIэIэфIын хуейщ, лейуэ утемыпсэлъыхьми. Нэхъыщхьэр ар цIыхум и гум, и псэм хэлъынращ. Псалъэм папщIэ, укъэзылъхуа анэм теухуауэ сыт жыпIэфынур?! Ар упсэухукIэ фIыуэ плъагъу цIыхущ. Апхуэдэщ укъыщалъхуа Хэкури. Хэку-анэр хъумэн жыIэгъуэр зауэм щыгъуэ къежьащ, апхуэдизкIэ а тIум я мыхьэнэр зэхуагъадэрти.

Урыс-совет скульпторхэми Хэку зауэшхуэм цIыхубэм къахуихьа гуауэр Хэку-анэрт къызэрагъэлъагъуэр. АрщхьэкIэ ди къэралым нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къыщалъытэ «Бгырысыр мэщыгъуэ» («Скорбящий горец») фэеплъыр, Тырныаузрэ Гундэлэнрэ я зэхэкIыпIэм деж щагъэувар, зыщIауэ щытахэр а хабзэм къытекIат, цIыхухъу образ къагъэщIри. «Хэку» псалъэр балъкъэрыбзэкIэ зэрыIур «Атажуртт», адэжь щIыналъэ жиIэу. Абы къыхэкIыу бгырыс лIым и теплъэр къэунэхуат.

Мы фэеплъыр гъуазджэм и фIыпIэхэм ящыщу къалъытэ, абы скульптурэри архитектурэри зыр адрейм къыгуэхыпIэ имыIэу щызэгухьащ. Метр 15-кIэ зызыIэта «бгырысым» и теплъэр къагупсыса гуэркъым, гъащIэм къыхахащ. Ар къарууфIэщ, и плIэм тедза щIакIуэ кIыхьми мыхьэнэ пыухыкIа иIэщ. Ар фэилъхьэгъуэ къудейкъым, атIэ кавказ лъэпкъхэр зекIуэ щежьэхэм я щIакIуэр я пщыIэ хуэдэу, зэрызахъумэу къагъэсэбэпу зэрыщытар къэзыгъэлъагъуэщ.

Фэеплъыр къызэрыунэхуам хъыбар щхьэхуэ иIэщ. Апхуэдэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIар Гундэлэн къуажэдэсхэрт, Хэку зауэшхуэм и зэманым жылэм щыщу хэкIуэдахэм я фэеплъыр яхъумэн мурадыр яIэу. Iуэхур даIыгъат жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэхэми: Залиханов Жэнэкъаит, Хутуев Хьэнэфи, Геттуев Максим сымэ.

1967 гъэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къуажэ советым къыщызэрагъэпэщащ фэеплъыр зэрахуэну ахъшэр къыхэхынымкIэ комиссэр. Абы къыдэкIуэу къалъыхъуэн щIадзащ ар зыщIынухэр. Псоми зэдэарэзыуэ къыхахащ цIэрыIуэ хъуну хунэса скульптор Крымшамхалов Хьэмзэтрэ архитектор ныбжьыщIэ, Москва архитектор институтыр къыщызыуха Каркаев Мухьэрбийрэ. Скульпторым и IэдакъэщIэкIхэр гъащIэм къызэрыщхьэщыкI щымыIэу ищI хабзэт, зи ужь ихьа фэеплъри 1950 гъэхэм щыIа совет гъуазджэм тещIыхьауэ ищIыну игу илът. Архитектор ныбжьыщIэр нэхъ иужьрей Iуэху бгъэдыхьэкIэхэрт зи тельхьэр, скульптурэмрэ архитектурэмрэ зы пкъыгъуэ хъун хуейуи къилъытэрт. Абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр зэрызэщхьэщыкIым лэжьыгъэр къаримыгъэхъулIэнри хэлът. Ауэ нэхъ иужькIэ Каркаевым хузэфIэкIащ скульпторыр и гупсысэм къытришэну. Апхуэдэу а тIур зы хъужри, купщIэшхуэ зыщIэлъ фэеплъыр къагъэщIащ. Ар лъагэу зэрыщытынур къалъытэри, фэеплъым и хьэлъагъыр нэхъ мащIэ хъун щхьэкIэ, гъущIрэ бетонрэ хъурейуэ ягъэжурэ зэтралъхьащ. Арати, скульптурэм и кур нэщIу къэнащ.

Скульпторымрэ архитекторымрэ пщэрылъ щащIащ я IэдакъэщIэкIыр хуэдипщIкIэ нэхъ цIыкIуу ящIу, КПСС-м и обкомым и бюром и зэIущIэм щагъэлъэгъуэну. Шэч хэмылъу, абы псори итхьэкъуат, зыми зэремыщхьыр, фIыуэ зэращIар къалъытэри, фэеплъым республикэпсо мыхьэнэ иратащ.

«Бгырысыр» щIэуардэр и теплъэм кIэрымылъыпхъэ гуэр кIэралъхьауэ аракъым. Абы еплъым зыхищIэ хуэдэщ лIыхъужьым и гурыгъузыр. И нэкIум гуауэ къытощ, ауэ и щытыкIэм гур къызыщIэзыIэтэ лIыхъужьыгъэр зэрымыкIуэдамрэ Iейм фIыр зэрытекIуэмрэ къегъэлъагъуэ. Хэкум и хъумакIуэхэм я лIыгъэр зэрыиным и мызакъуэу, цIыхугъэр зэрафIэмыкIуэдарщ мы лэжьыгъэм наIуэ къищIыр.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр къалэхэми къуажэ къэси дэтщ, мыпхуэдэ художественнэ мыхьэнэ зыщIэлъхэри мащIэкъым. «Бгырысыр мэщыгъуэ» фэеплъыр зи IэдакъэщIэкIхэм я Iэзагъэр ди къэралми хамэ щIыпIэхэми къыщалъытащ (тхыгъэ щхьэхуэхэр траухуащ). Абы и сурэтыр совет журналхэм я зым и IуплъапIэм къытрадзэгъауи щытащ.

Бахъсэн аузым зэгуэр дыхьам а фэеплъым гу лъимытэу, фIэмытелъыджэу къэхъуакъым. Скульптор Крымшамхалов Хьэмзэт а лэжьыгъэм щхьэкIэ КъБАССР-м и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. ЗэратхымкIэ, абы и гъуса архитекторым и гуащIэм хуэфащэ пщIэ щIимыгъуэтар гурыIуэгъуэкъым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъа лIы пхъашэт

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщыхъуа Уэркъуасэ Хьэзрэт я унэ иригъэхьыну тхыгъэр щимэу зэкIуэцIилъхьэщ, адресыр тритхэри, пощт ашыкым иридзащ. АбыкIэ и Iыхьлыхэм хъыбар яригъащIэрт дзэ къулыкъум зэрыпэрыхьэмкIэ.

АРМЭМ щраджа 1938 гъэм абы дэнэ щищIэнт мыгувэу зауэ гуащIэхэм зэрыхэтынур. Гитлер зи пашэ Германиер 1939 гъэм фокIадэм и 1-м полякхэм зэрытеуар Совет Союзым къилъытэри, фокIадэм и 17-м щIидзащ Польшэм и къуэкIыпIэ щIыналъэу а зэманым щыта Къухьэпlэ Украинэмрэ Къухьэпlэ Белоруссиемрэ ди къэралым къыхэгъэхьэжыным. А къалэныр зыгъэзэщIа Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэм яхэтащ Уэркъуасэ Хьэзрэти. Ар зэфIагъэкIа нэужь, илъэси дэмыкIауэ, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м, Германием и дзэхэр СССР-м къизэрыгуащ.

«НапIэзыпIэу бийр къызэрыттеуам ди сэлэтхэр хуэхьэзыртэкъым. Фашистхэм хьэуами щIылъэми дащыпэмылъэщ пIалъэ кIэщI щыIащ. А мазэхэр дэркIэ гугъуищэу щытами, ди сэлэтхэм я фIэщ хъурт ди щIыналъэм бийр зэридгъэкъэбзыкIыжынур, текIуэныгъэр къызэрытхьынур», - жиIэжырт Уэркъуасэм.

Ипщэ фронтым и дзэхэр, нэмыцэхэм езауэурэ, Псыжькlэ къэкIуэтащ. 1942 гъэм фокIадэм и пэщIэдзэм бийм иубыдащ Новороссийск (ЦIэмэз) къалэр. Абдежым щызэхыхьэрт мыхьэнэ ин зиIэ щIылъи хыщIыIу зекIуапIи.

Новороссийск зэриубыдыу, бийм щIидзащ ТIуапсэ лъэныкъуэмкIэ егъэрыкIуэным. А зэманым абы Кавказыр къэзэунымкIэ удын нэхъыщхьэр щызэхуихьэсар мыбдежрат. Фашистхэм я мурад бзаджэр зэпаудын папщIэ, бийм ткIийуэ пэщIэуват ди зауэлIхэр. Ахэр, къалэм и ипщэкъухьэпIэ лъэныкъуэм, «Рабочая пристань» зыфIащам деж, иужьрейуэ бийм щезэуа иужь, Геленджик (ХъупIэжьий) къалэм хуэкIуэу, хы Iуфэмкlэ къыщимыкIуэту хъуакъым. Ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а щIыпIэр Iэмал имыIэу аргуэру убыдыжын хуейт. Абы щыгъуэщ а щIы кIапэ тIэкIум «Малая земля» цIэр щыкIэрыпщIауэ щытари...

Арати, зэрыжытIауэ, ди зауэлIхэр Геленджик къалэм къыхуэкIуэу къикIуэтын хуей хъуащ. Бийр абдежым къыщызэтрагъэувыIащ. ИкIи 1943 гъэм мазаем и 4-м нэмыцэхэм я щIыб ди зауэлIхэр къыдыхьэри, «ЩIы мащIэ» зыфIаща щIыпIэм деж зыщагъэбыдащ. Мазэ бжыгъэкIэ абдежым щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэ хьэлъэхэр зыгъэунэхуахэм ящыщщ топгъауэ взводым и командир Уэркъуасэ Хьэзрэт.

«Хы псыIум зыщызыгъэбыда нэмыцэхэм километрищ хуэдиз зи бгъуагъ щIы мащIэр къаIэщIэттхъри, абдеж ди лъэбжьанэр щыфIэдгъэнащ. Жэщыр щIыIэ-псыIэти, жьы къепщэм Iэпкълъэпкъыр игъэдийрт. Нэмыцэхэр метр 30 - 40-кIэ хуэдизт зэрытпэжыжьэри, псори ди нэгу щIэкIырт. Фашистхэр махуэм пщIэнейрэ, нэхъыбэрэ къыдэбгъэрыкIуэрт, хы лъэныкъуэмкIи уэгумкIи. Дэри, къикIуэт жыхуаIэр дымыщIэу, бийр етхужьэжырт. Мазих дэкIри, ЦIэмэз хуит къэтщIыжащ...», - жиIэжырт Уэркъуасэм.

ЩIы мащIэмрэ ЦIэмэзрэ хуит къыщащIыжым къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ Уэркъуасэ Хьэзрэт къыхуагъэфэщащ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ», «Новороссийск хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэр.

Новороссийск иужькIэ, Уэркъуасэр хэтащ Темрыкъуэ (Темрюк), Тамань, Керчь къалэхэр бийм къаIэщIэзыхыжахэм. Къэсат Хьэзрэт зыпэплъа зэманыр – бийр къызэрамыгъэплъэкIыу яхужырт. Нэмыцэхэр икIуэтырт, псори къагъауэу, ягъэсу.

«Зэпымыууэ япэкIэ дыкIуатэурэ, фашистхэр Украинэм идгъэкъэбзыкIыжырт, - игу къигъэкIыжырт Уэркъуасэм. – Полтавэ деж нэмыцэхэм зыщагъэбыдауэ мыувыIэу къыдэуэрт, танкрэ топрэ я куэдт. Абдежым къыщытпэщIэува дивизиер къэдухъуреихьри, гъэру куэд къэдубыдащ. А щIыпIэм си взводым танкитIрэ топ зытхухрэ щикъутащ».

Полтавэ деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ, Хьэзрэт къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэр.

ТекIуэныгъэм щыIущIар Прагэ дежщ

Гвардием и старшина Уэркъуасэр, Хмельницкий Богдан и орденыр зезыхьэ 305-нэ гвардие топгъауэ полкым хэту, Польшэм и щIыналъэм ихьащ. Варшавэ нэмыцэхэм апхуэдизкIэ зэхакъутати, абы зыгуэр щыбэуэжу уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуейт.

«Зэи сщыгъупщэжынкъым а зэманым Польшэм и щыхьэр Варшавэ иIа теплъэр. Абы къалэкIэ уеджэ хъужынутэкъым, псори бомбэхэмрэ топышэхэмрэ яхьэжат. Уи фIэщ пхуэщIынутэкъым а къалэр зэгуэр зэфIагъэувэжыфыну... Иджы Варшавэ зэрыщытыр газетхэм, журналхэм иту е кинокIэ щыслъагъукIэ, си гур хэмыхъуэу къанэркъым, дахащэ хъужащ ар икIи срогушхуэ а къалэр щхьэхуит къэзыщIыжахэм сазэрыхэтам...», - жиIэжырт Хьэзрэт.

Уэркъуасэр ящIыгъуащ Германием и къалэхэу Сандомир, Кельце, Петроков, Шпроттау, Зарау, нэгъуэщIхэри къыщащтам лIыхъужьыгъэ ин зезыхьа ди зауэлIхэм, адэкIэ Берлин егъэрыкIуахэм.

Иужь дыдэу Хьэзрэт фашистхэм щапэщIэувар Чехословакием и къалащхьэ Прагэ дежщ. Германием зэрызитамкIэ Iэ тридза пэтми, а щIыпIэм зыщызыгъэбыда нэмыцэхэр гуащIэу къэзауэрт.

Бийм и танкыдзэр, щыщ къыхэмынэу, зэбгрызыхуам яхэтащ Уэркъуасэм и топгъауэ взводри. Нэмыцэм и танкыу, топу, автомашинэу куэд якъутащ. Лъэрымыхь хъуа фашистыдзэхэм зыкъатащ. ТекIуэныгъэ иным, майм и 9-м, Хьэзрэт щыIущIар Прагэ дежщ.

А махуэм абы кърататащ 13-нэ армэм и Iэтащхьэ генерал-полковник Пуховымрэ Зауэ (Военнэ) Советым хэта, генерал-майор Козловрэ я фIыщIэ псалъэхэр зэрыт тхылъыр.

Зауэм и иужьрей мазэхэм Хьэзрэт нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри къыхуагъэфэщащ – «ЩIыхь» орденым и 3-нэ нагъыщэр, «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэр.

Апхуэдэу иухащ гвардием и старшина Уэркъуасэ Хьэзрэт и зауэлI гъуэгуанэр. Гугъуу, псэзэпылъхьэпIэу щытащ а гъуэгуанэм и зы дэтхэнэ лъэбакъуэри. Мызэ-мытIэу Хьэзрэт пэгъунэгъуащ ажалым, тIэунейрэ уIэгъэ хъуащ, ауэ къызэфIэщIакъым, нэсу игъэзэщIащ зауэлI къалэныр.

Зауэм иужькIэ

1945 гъэм и щэкIуэгъуэм Уэркъуасэр дзэм къыхагъэкIыжри, къыщыхъуа Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къэгъэзэж. Махуэ заул нэхъ дэмысу, бийм зэхикъута колхозыр зэфIэзыгъэувэжыну яужь ихьахэм яхохьэ. Ар щолажьэ парт, совет, колхоз IэнатIэхэм. 1952 гъэм Уэркъуасэр Къэбэрдей мэкъумэш курыт еджапIэм ягъакIуэ икIи ар 1955 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къеух, агроном IэщIагъэр щызэригъэгъуэтауэ.

Хьэзрэт хадэгъэкI бригадэхэм я унафэщIу ягъэув, иужькIэ «Лэскэн» совхозым и IэнатIэ нэхъ гугъур, Iэщ гъэхъуным пыщIар, илъэс куэдкIэ зэрехьэ, зэман докIри, къуажэ Советым и Iэтащхьэу хах.

Апхуэдиз цIыху зыдэлэжьам, нэхъыщIэхэм я деж къыщыщIэдзауэ нэхъыжьыIуэхэм я деж щиухыжу, псоми акъыл зырызыххэ къахуигъуэтырт. ТкIиягъэ-пхъашагъэ гуэрхэри и лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуэн хуей хъурт, ауэ езыр сыт и лъэныкъуэкIи цIыхуфIт, хьэлэлт, зыгуэр къыхуэныкъуэ хъуамэ, я деж дишэрт, щигъэхьэщIэрт. Къуажэдэс зыбжанэм я унагъуэхэр къызэтегъэнэнымкIи сэбэп хъуащ ар. Зыгуэрым

жиIэжырт: «Фызыр изгъэкIыжын мурад сиIэу къуажэ Советым сехати, Хьэзрэт къызэгиящ, къызэшхыдащ, жысIар ауи схуимыгъэдахэу. Абы щыгъуэ семыдэIуамэ, сыунэхъуатэкъэ?! Еплъыт иджы! Си бынхэр ин хъуащ, малъхъэхэри сиIэщ».

«Мы къуажэр сытым дежи хабзэкIэ къулейт. ЦIыхухэм пщIэ зэхуащIырт, щхьэж къыхуагъэфэща и IэнатIэм пэрытт, я зэхуаку укIытэ, нэмыс дэлът», - и гукъэкIыжхэмкIэ зэгуэр къыддэгуэшат Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэса нэхъыжьыфI Битохъу Мухьэрбий.

Уэркъуасэ Хьэзрэтрэ и щхьэгъусэ Хужьпагуэрэ къуитIрэ пхъуихрэ зэдапIащ.

- Ди адэмрэ ди анэмрэ я жьауэм дыщIэмытыжми, ахэр сыт щыгъуи гукIэ тщIыгъущ, абыхэм дызыщIапIыкIа хабзэм дытету дызэрыпсэуным яужь дитщ. Ди адэр сыт щыгъуи щIэхъуэпсырт игъэва зауэ гущIэгъуншэм хуэдэ зэи къэмыхъужыным, цIыхухэр мамыру, зэгурыIуэу псэуным. Дэри ди бынхэр, къуэрылъхупхъурылъхухэр хэкупсэу, я лъахэр фIыуэ ялъагъуу дгъэсащ, ноби аращ, - жеIэ Хьэзрэт и къуэ нэхъыщIэ Хьэту.

Уэркъуасэ Хьэзрэт къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирырагъэхьэлIа фэеплъ зэхыхьэр Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм илъэс зыбжанэ ипэкIэ щрагъэкIуэкIат. Ар трагъэхуащ ТекIуэныгъэм и махуэм. Абы щызэрихьэлIащ Хьэзрэт и бынхэр, и Iыхьлыхэр, и къуажэгъухэр. Зэхуэсым хэтахэм ар фIыкIэ ягу къагъэкIыжащ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ГъащIэмрэ узыншагъэмрэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм уакъызэрыпекIуэкIыну медицинэр узыншагъэм и лъабжьэу зэрыщытым ехьэлIа щIэныгъэ зэхуэс иджыблагъэ щекIуэкIащ.

АБЫ кърихьэлIащ КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэмкlэ и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хьэшыр Светланэ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Химиер зи лъабжьэ физикэмрэ медицинэ химиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Мэзкуу дэт физикэмрэ техникэмкIэ и институтымрэ (МФТИ) Лумумбэ Патрис и цIэр зезыхьэ, Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и урысейпсо университетымрэ (РУДН) я профессор Балакин Константин, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр, медицинэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэт студентхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Хьэшыр Светланэ къахуеблэгъа хьэщIэр къызэхуэсахэм нэIуасэ яхуищIащ, абы и лэжьыгъэр узыншагъэр хъумэным и мызакъуэу, цIыхум гъащIэ кIыхь къигъэщIэным зэрыхуэунэтIар, абы къыхэкIыуи узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыкъамыIэт щIыкIэ медицинэм иIэ Iэмалхэр зэщIэгъэуIуэным, уз хьэлъэхэм зэреIэзэ хущхъуэгъуэхэр зэхэлъхьэным зэрелэжьыр къыхигъэщащ.

«Узыншагъэм нэхъ лъапIи, нэхъ мыхьэнэ зиIи, зыкIэлъыплъын хуеи цIыхум иIэу къыщIэкIынкъым. Узыншагъэм цIыхум и къарумрэ зэфIэкIымрэ зэрызэтриIыгъэм хуэдэу, жылэм и псэуныгъэри елъытащ, экономикэм и зыужьыныгъэри гуэх имыIэу епхащ. Иджырей щIэныгъэр жыжьэ нэсащ. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу цIыхум и псэуныгъэр къызэзыгъэпэщ Iэмалхэр нэхъыбэ мэхъу, техникэмрэ технологиемрэ уалъыщIэмыхьэн хуэдизу заужь. Апхуэдиз зэхъуэкIыныгъэ къызыхэхъухь гъащIэм хэт цIыхухэм я пащхьэ Iэмалыншэу зы упщIэ къоувэ: мыпхуэдиз къэгъэщIыгъэм щхьэ къахэмыкIрэ псэ зыIутым къеуалIэ уз хьэлъэхэр щхьэщызыхыфын хущхъуэгъуэхэр зэрызэхалъхьэн Iэмалхэр, ахэр абы зэрырахьэлIэн кIуэрабгъуэхэр, жаIэу. ИкIи, узэрегупсысынкIэ, упщIэхэр игъуэщ. Пэжщ, зэзэмызэ щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къиIукI хъыбархэм яхэту зэхыбох уз хьэлъэхэм уазэреIэзэн хущхъуэгъуэ зэрызэхалъхьар. Ауэ ахэр цIыху къызэрыгуэкIыр пэмылъэщын хуэдизу лъапсейщ икIи гъуэтыгъуейщ. Абы пэщIэтын, фармацием и гуащIэр а лъэныкъуэмкIэ гъэпсын зэрыхуейр хьэкъщ. Псоми къыдгуроIуэ узи бзаджи хэмыту гъащIэ кIыхь къэгъэщIэныр зэрыфIыгъуэшхуэр, абы щхьэкIэ зыкIэлъыплъыжын зэрыхуейр. Ауэ ар нэсу зэхищIыкIыу къытхэтыр дапхуэдизу пIэрэ зэрыхъур? Мис а упщIэхэмрэ IэнатIэм и пащхьэ къиlэ lуэхугъуэ зэlумыбзхэмрэ я зэблэгъэкlыкlэ хъуныр теухуащ профессор Балакин Константин и къэпсэлъэныгъэр зэхьэIауэ щытынури», – жиIащ Хьэшыр Светланэ.

«Фармацие IэнатIэр щIэныгъэ къудейуэ къэпщтэныр мащIэу къысщохъу. Абы къегъэжьапIэ иIэщи, дыхуемыплъэкIмэ, ипэкIэ дымыкIуэтэфыныр зыхуэIуа щыIэкъым. А къежьапIэми екIуэлIапIитI иIэщ: зыр узыкIэлъыплъыжын, къоуэлIэнкIэ хъуну узыфэхэм уакъызэрыпекIуэкIын зэхэщIыкIыр зибгъэIэнырщ, зэпымычу уи нэIэ зытебгъэтыжынырщ; етIуанэри – фармацием и лъэкIыныгъэр егъэджэныгъэ IэнатIэм деж щыгъэлъэщынырщ. ЗэрытщIэщи, университетым щызрагъэгъуэт есэныгъэхэр егъэджэныгъэм къищынэмыщIауэ, щIэныгъэм, къэхутэныгъэм, гъэунэхуныгъэм пыщIауэ щытщ. Арыххэуи, ди къалэным къыхохъуэ: фармацием зиужьын папщIэ, университетым деж пэхуэщIэ-егъэджэныгъэ конвейеркIэ зэджэр щыутIыпщынырщ. Абы курых хуэхъур егъэджэныгъэм здыхэтым зригъэгъуэт есэныгъэхэр тегъэщIапIэ ищIурэ студентыр узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэщIэувэфын хущхъуэгъуэхэр зэхэлъхьэнымкIэ унэтIынырщ. Абы щхьэпэ хуэхъунущ щыIэ пэхуэщIэхэмрэ егъэджэныгъэ трекхэмрэ. ИкIэм-икIэжым, университетым иджырей къалэн нэхъыщхьэхэм гуэдзэ хуэхъу пщэрылъхэр игъэзэщIэнущ, узэлэжьыж, егъэфIакIуэ хъун, медицинэм къыщыбгъэсэбэпын Iэгъэщlагъи иIэнущ», – жиIащ Балакин Константин.

Профессорым щапхъэ зыбжанэ къиxьащ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, КъБКъУ-м и пэхуэщIэ-егъэджэныгъэ конвейерым иджырей технологиехэр къызэригъэсэбэп щIыкIэр. Хущхъуэгъуэ зыхэлъ къэкIыгъэхэм къыхаха пкъахуэхэр зэхалъхьэкIэрэ фитохущхъуэгъуэхэр ящI, хьэзыру щыIэ химие пкъыгъуэхэр щызэхагъэзагъэкIэ зэщымыщхъур щIэкIыу, зэщыщхъу хъуа пкъыгъуэ зэхэт къыхагъэкI (мыбы гуп зэхэту йолэжь фармацевтикхэмрэ нутрицевтикхэмрэ е фармацевтикхэмрэ физиотерапевтхэмрэ), нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу Балакин Константин и гугъу ищlащ цlыхур узыншэу гъащlэ кlыхь къегъэгъэщlэным хуэунэтlа хущхъуэгъуэхэр къыщlэзыгъэкlыну пэхуэщlэ-егъэджэныгъэ конвейерыр зэпэщын папщIэ, абы иIэну унэтIыныгъэхэр убзыхун, технологиехэр зэIубз щIын, хущхъуэгъуэхэр къыщIэзыгъэкIыну гупхэр гъэнэхуэн зэрыхуейр. Профессорыр шэщIауэ тепсэлъыхьащ хущхъуэгъуэм и дизайнерыр зыщIыну студием, хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхэлъхьэным елэжьынухэм (ар магистратурэм къыщыхэплъхьэ хъуну, институт зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэту елэжьыну, IэщIагъэмкIэ курс гуэдзэу къызэрагъэпэщыну хьэмрэ егъэджакIуэхэм я нэIэ щIэту еджакIуэ щхьэхуэхэр ирагъэувэлIэну), егъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ щыхагъахъуэ курс щхьэхуэхэм я къызэгъэпэщыкIэ хъуным, щыIэ егъэджэныгъэ программэхэр хэлъхьэпхъэ зэхъуэкIыныгъэхэм, яхуримыкъункIэ хъуну Iэмалхэм къызэрыхагъэхъуэным, нэгъуэщIхэми.

И къэпсэлъэныгъэр къызэщIикъуэжкIэрэ, профессорым къыхигъэща узыншагъэр зи курых гъащIэ кIыхь къэгъэщIэным ухуэщхьэпэныр къалэн гугъу дыдэу щытми, пхуэмыгъэзэщIэн зэрыхэмылъыр, цIыхум къеуалIэ узым ущеIэкIэ, а узыфэр здэщыIэм уеIэзэ къудейм къыщымыувыIэу, IэпкълъэпкъыIм зэрыIыгъыу еплъын зэрыхуейр, цIыхум и дуней тетыкIэм елъытауэ пкърыт узыфэм зэрыкIэлъыплъыпхъэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри.

«Кавказыр мы къэтIэта Iуэхугъуэхэр къыщыхэлъхьэнымкIэ зихуэдэ щымыIэ щIыпIэ хьэлэмэтщ. Мыбдеж зыбжанэ лъандэрэ пэхуэщIэ-егъэджэныгъэ контейнерхэр щаутIыпщауэ щолажьэ, ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм зэщымыщхъуу къыхэкIри, зэщыщхъу щыхъуари куэд лъандэрэ щыубзыхуащ. Абы къыхэкIыу, жэрдэмым и кIуэкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыщиукъуэдиину угугъэ хъунущ», – жиIащ Балакин Константин.

КъэпсэлъэныгъэрзэфIэкIа нэужь, профессорыр иджыри куэдрэ яутIыпщакъым абы едэIуа егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ , упщIэмрэ жэуапымрэ къыщежьэри, зэпсэлъэныгъэр уэршэр купщIафIэм хуэкIуэжащ.

ТАБЫЩ Мурат.

Я щхьэ хуолэжьэж

2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ щылажьэхэм я бжыгъэр 22629-рэ хъуащ. Абыхэм щыщу 5850-р юридическэ лицощ, 16779-р – уней IуэхущIапIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ проценти 106,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм кърииубыдэу республикэм и IуэхущIапIэ цIыкIухэм я бжыгъэр 22187-рэ, хьэрычэт IэнатIэ мащIэм – 412-рэ, курытым - 30 хъуащ. Гъэ блэкIам кърииубыдэу хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт IуэхущIапIэу зезыгъэтхахэм я бжыгъэр 5786-рэ хъуащ, абыхэм ящыщу 663-р юридическэ лицоуэ, 5123-р – уней IуэхущIапIэу. Нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ мыбдежым хэхъуэу къагъэлъэгъуащ процент 21,4-рэ.

Я щхьэ хуэлэжьэжыну налогхэх IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэр 81466-рэ мэхъу, абыхэм щыщу 79120-р юридическэ лицоуэ, 2346-р – уней IуэхущIапIэу. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар процент 14,3-кIэ нэхъыбэщ.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэм, курытым, уней IуэхущIапIэхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэри яхэту, нобэ щылажьэр псори зэхэту цIыху 108141-рэ мэхъу.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ республикэм щыдэIыгъыным пыщIа Iуэхугъуэхэм 2025 гъэми пащэнущ «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ, уней хьэрычэт щIэн жэрдэмхэр» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ. Ар хохьэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджы къыхилъхьа «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЩIэныгъэ

НэхъыфIхэм ящыщ хъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар щIэныгъэхэмрэ техникэмкIэ и колледжыр (КБГТК) IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъыта IуэхущIапIитхум языхэз зэрыхъуам теухуа хъыбар иджыблагъэ къатащ.

УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и интернет-напэкIуэцIым зэритымкIэ, щIыналъэхэм IэщIагъэ щрагъэгъуэт я IуэхущIапIэхэм ящыщу зи узыншагъэмкIэ сэкъат зиIэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, ахэр иужькIэ лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыжыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар щIэныгъэхэмрэ техникэмкIэ и колледжым. КъулыкъущIапIэм иригъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэхэм япкъ иткIэ, 2022 гъэм елъытауэ, колледжым Iуэхугъуэ 16-кIэ рейтингым зыкъыщиIэтащ, хуэдэ IуэхущIапIи 139-м япэ ищащ.

НэхъапэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм хъыбар зэредгъэщIащи, зи узыншагъэмкIэ сэкъат зиIэ ныбжьыщIэхэр егъэджэнымкIэ колледжыр Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр зэзыгъэпэщ егъэджэныгъэ-щIэныпхъэ центр хъуащ. А центрым и къалэнхэр колледжым щигъэзащIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым, атIэ ар ядолажьэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ, зи узыншагъэмкIэ сэкъат зиIэхэм IэщIагъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм. Апхуэдэ центру къэралым 46-рэ иту аращ.

А центр 46-м ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм 11-нэ увыпIэр иIыгъщ, 2022 гъэм еплъытмэ, Iуэхугъуиплlкlэ рейтингым зыкъыщиIэтащ. Къыхэгъэщын хуейщ, зи гугъу тщIы центрым и къалэн нэхъыщхьэр зи узыншагъэр зэмыпэщ, зи IэпкълъэпкъкIэ сэкъат зиIэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыфыну Iэмал зэрыщыIэр ялъэгъэIэсыныр икIи тегъэгушхуэныр, иджырей технологиехэмрэ щIэныгъэм щыубзыхуа хъуа щIэныпхъэхэмкIэ IэщIагъэрэ есэныгъэ пыухыкIахэмрэ зыхагъэгъуэзэфыну зэрыщытыр.

«Колледжым зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр къызыхэкIыр абы и лэжьакIуэхэр зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэрщ, узыншагъэр и щхьэусыгъуэу щытыкIэ гугъум ит щIалэгъуалэм гууз-лыуз хуаIэу, абыхэм я зэфIэкIыр жылагъуэм зэрещхьэпэнум фIэщхъуныгъэ хуаIэу зэрыщытырщ», – щыжеIэ къулыкъущIапIэм кърагъэува хъыбарым.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэ зиIэ щIыналъэ колледжым нэхъри хигъэхъуэну, и зэфIэкIхэри цIыхум ещхьэпэу куэдрэ лэжьэну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Шынагъуэншагъэращ нэхъыщхьэр

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КБР-м щыIэм и ГИБДД-м и управленэм и актовэ пэшым щекIуэкIащ гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным пыщIа ведомствэхэм зэдай зэIущIэ.

АБЫ хэтащ управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Бэджыдэ Юрэ, КъБР-м узыншагъэр и хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министым и дэIэпыкъуэгъу Бежан Хьэсэн, Урысей ФССП-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и къудамэм и унафэщI Хромов Вячеслав, Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэм хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Романовская Аннэ, КИФЩI-м щыIэ Роспотребнадзорым и ЩIыналъэзэхуаку транспорт управленэм КъБР-м щиIэ автомобиль гъуэгухэм якIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Вындыжь Замир, «Кавказ» кIэзонэ IуэхущIапIэм и къудамэу Налшык щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Къардэн Альберт, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къуэдзэ Унэжокъуэ Астемыр, Къэрал автоинспекцэм республикэм щиIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм хэтахэр хэплъащ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр 2024 зэрыпхагъэкIам, тепсэлъыхьащ «ГъащIэм папщIэ инфраструктурэ» проектым къигъэув къалэныщIэхэм, 2023 гъэм елъытауэ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм щыхэкIуадэхэр 2030 гъэм ирихьэлIэу зырэ ныкъуэкIэ, 2036 гъэм нэсыху тIукIэ гъэмэщIэныр зи купщIэ нэхъыщхьэм. ЖаIащ а Iуэхухэр зэфIэхын папщIэ гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэныр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ ведомствэхэм я зэдэлэжьэныгъэм нэхъри зегъэубгъун зэрыхуейр.

Къызэхуэсахэм къыхагъэщащ зэIущIэр зыхуэгъэпса министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэхэр, я зэдэлэжьэныгъэм и лъабжьэр къэралым и цIыхухэм я шынагъуэншагъэр гъуэгухэм къыщызэгъэпэщыныр арауэ зэрыщытыр. Властым и гъэзэщIакIуэ органхэм Iэмал псори къагъэсэбэпынущ гъуэгум тетхэр бэIутIэIуншэу зекIуэн, абыхэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ хъума хъун папщIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэпсэлъэныгъэм хуэхьэзырщ

США-м и президент Трамп Дональд Унэ хужьым щригъэкIуэкIа пресс-конференцым щыжиIащ Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъур зэман гъунэгъум кърииубыдэу зэфIэкIынкIэ зэрыхъунур, и администрацэм а Iуэхум къаруушхуэ зэрырихьэлIэр.

«УКРАИНЭМ теухуауэ зэпсэлъэныгъэхэр идогъэкIуэкI, догугъэ щытыкIэм нэхъыфIкIэ зихъуэжыну. Iэмал имыIэу Iуэхур къызэтегъэувыIэн хуейщ», - жиIащ Трамп Дональд. Нэхъапэми хуэдэу, абы иджыри къыхигъэщащ зэныкъуэкъур къыщыхъуам езыр США-м и президенту щытамэ, апхуэдэ дзэ зэпэщIэувэныгъэр щимыгъэIэну хузэфIэкIыну зэрыщытар.

Апхуэдэу Америкэм и лIыщхьэм жиIащ Урысейм и Президент Путин Владимир епсэлъэну зэримурадыр, ауэ щызэхуэзэнкIэ хъуну пIалъэр къыхигъэщакъым. Кремлым къигъэлъэгъуащ США-м и администрацэщIэм зэпсэлъэныгъэхэр дригъэкIуэкIыну зэрыхьэзырыр, ауэ абы и IуэхукIэ Вашингтон жэрдэм пыухыкIахэр къызэрыбгъэдэмыкIар.

Урысейм къызэригъэувымкIэ, зэгурыIуэныгъэм хуэкIуэн папщIэ Украинэм и дзэхэр ДНР-м, ЛНР-м, Херсон, Запорожье областхэм иришыжын, ахэр урысей щIыналъэу къилъытэн хуейщ икIи НАТО-м хэмыхьэу къикIуэтыжыпхъэщ.

Пэжыр къарууншэкъым

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Картаполов Андрей RTVI-м ирита интервьюм щыжиIащ украинэ зэныкъуэкъум Урысейр зэрыщефIэкIыр, абы къыхэкIыуи мобилизацэм зэрыхуэмыныкъуэр.

АБЫ и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Урысейм иубыда увыпIэр къэтIэсхъакъым, ар иджыри лъэщщ, зэгурыIуэныгъэкIэ къулыкъу зыщIэну жэрдэм зиIэхэм я фIыгъэкIэ дзэм и бжыгъэми хохъуэ. «Дэ ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм и лъабжьэр пэжырщ, ар къарууншэнкIэ Iэмал иIэкъым», - къыхигъэщащ Картаполовым.

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ комитетым хэт Соболев Виктор жиIащ Урысейм IэщкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ цIыху мин 740-рэ зэрыхыхьар, абыхэм я бжыгъэм махуэ къэси зэрыхэхъуэр. «Иджыпсту къалэн нэхъыщхьэр ахэр Iуэхум хуэгъэсэнымрэ IэщкIэ къызэгъэпэщынымрэщ, - къигъэлъэгъуащ абы. – Дзэм къулыкъу щызымыщIахэр, абы IэщIагъэ щызэзымыгъэгъуэтахэр фронтым кIуэкIэ апхуэдэ мобилизацэм сэбэпынагъ лъэпкъ къишэнукъым».

Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм нэгъабэ и дыгъэгъазэ мазэм къигъэлъэгъуауэ щытащ махуэ къэс цIыху мин 1,2-м дзэм къулыкъу зэрыщащIэнумкIэ зэгурыIуэныгъэхэр зэрыращIылIэр. 2024 гъэм министерствэм апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр ярищIылIащ цIыху мин 440-м.

Мазаем и 6, махуэку

♦ЦIыхубзхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкIуэкIыным и дунейпсо махуэщ

♦**1918 гъэм** Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэм теухуа декрет къыдэкIащ.

♦**1935 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Дол Маринэ**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ СССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Сэбаншы Назми**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **Пщыукl Латмир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Мазаем и 7, мэрем

♦Урысейм щагъэлъапIэ щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэр

♦**2014 гъэм** Сочэ къалэм къыщызэIуахащ XXII щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦**1890 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Ашуров Танахум**.

♦**1968 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2, жэщым градуси 4 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIакIуэ нэхърэ уэшх нэхъ благъэщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Ар кIуэдакъым

2025 гъэм щIышылэм и 27-м илъэс 80 ирикъуащ советыдзэхэм нацист Германием и концлагерь нэхъыщхьэ Освенцим гъэру щаIыгъхэр хуит къызэращIыжрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэувыIащ цIыхухэр щаукI, щагъэс, газым щрагъэтхьэлэ фабрикэм и лэжьыгъэр. Иджыблагъэ Украинэм IэщэкIэ зэщIэуззэда и къарухэм Курск областым щаубыда къуажэхэм ящыщ зыр хуит къыщащIыжым абы и щIыунэ гуэрым къащагъуэтащ гугъу иригъэхьыурэ дунейм ирагъэхыжа сабиищым, лIыжь-фызыжь 22-м я хьэдэхэр. Зэуэ къыпщыхъунущ Освенцимрэ иджы дыдэ ялэжьа хьэкIэкхъуэкIагъэмрэ зыкIи зэмыкIуалIэу. Арщхьэкlэ ар апхуэдэу щыткъым.

ЕТIУАНЭ дунейпсо зауэм щIидза нэужь Польшэм и щIыналъэм къыщызэIуаха мы концлагерым псори зэхэту цIыху зы мелуанрэ ныкъуэрэ щаукIащ. Япэу дунейм ирагъэхыжыр ныкъуэдыкъуэхэрт, жьыкIэфэкIэхэрт, сабийхэрт лэжьэфынутэкъым. Ахэр яуха иужь чэзур къалъысащ узыншэхэми: «бэгъуа лъэпкъхэм» я цIыху бжыгъэр ягъэмэщIэн хуейт, къэнахэр къедэIуэн папщIэ. Урысхэмрэ полякхэмрэ яхуэлъэт. 1941 - 1944 гъэхэм мыбы къашащ гъэр хъуа совет зауэлIу мин 14. Абыхэм ящыщу хуит къащIыжыным зи насып кърихьэкIар 92-рщ. 1941 гъэм и фокIадэм мыбы щагъэунэхуа «Циклон Б» газымкIэ ягъэлIащ совет зауэлI гъэр 600-рэ поляк 250-рэ. Ауэ щыIэт егъэлеяуэ ялъагъу мыхъухэри - ахэр журт лъэпкъым щыщхэрт. Гитлер къахуигъэуват «журт Iуэхур зэи къытрамыгъэзэжыну зэфIагъэкIыну» - щхьэтечу жыпIэмэ, зыри къэмынэжыху зэтраукIэну.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ журтхэр лъэныкъуэ егъэзыным, еудыхыным теухуа политикэр Европэм и къэралхэм я нэхъыбэм пасэу зэрыщрагъэкIуэкIар, нэмыцэхэм абы «зрагъэужьа» къудейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Польшэм (дэ а къэралыр къыщIэтхьыр абы и щIыналъэм Освенцимым къыдэкIуэу нэгъуэщI нэмыцэIуэ инхэри итащи аращ) ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и пэкIэ щыпсэуащ журт мелуани 3,5-м щIигъу, Варшавэ дэсхэм я Iыхьэ пщIанэр а лъэпкъым щыщт. Мыбы япэщIыкIэ я диныр зэрынэгъуэщIым, иужькIэ хамэ лъэпкъым зэрыщыщым къыхэкIыу зэхэзехуэн щащIу щытащ. Польшэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Дмовский Роман и зэманым, уеблэмэ, хущIэкъуащ журтхэр Мадагаскар хытIыгум ягъэIэпхъуэну. Иджы мис езы полякхэми журтхэм хуэдэу нэмыцэIуэр унапIэ хуащIащ.

Пэжым ухуеймэ, Освенцим и закъуэкъым хьэкIэкхъуэкIагъэ щызекIуар. Адрей щIыпIэхэми гъэрхэр гугъу щрагъэхьащ. Ахэр ягъашхэртэкъым, псы хуагъалIэрт. Iуэм иса си гъунэгъу лIыжьым куэдрэ жиIэжу щытащ нэмыцэ хъумакIуэм и фIыгъэкIэ къелауэ зэрыщытар: абы джэдыкIафэхэр къритырт, фIэгуэныхьти. Дыхьэшхэнщ, ауэ джэдыкIафэхэмкIи псапэ къэпхьыфыну къыщIокI...

Иджы хьэIупс ящIыжа СССР-м гъэрхэм цIыхугъэ щыкIэлъызэрахьэу щытащ. Зауэм гъэр щыхъуахэм ятеухуа Женевэ конвенцэм Совет Союзым Iэ тридзатэкъыми, ар иуха иужь ахэр имыутIыпщыжу якъутахэр зэфIригъэгъэувэжащ. Ауэ сыт хуэдэу? Гъэрхэр махуэм зэрагъэлажьэр сыхьэти 8-кIэт, улахуэхэри иратырт, сэлэтым - соми 3, офицерым - соми 7. Щэ ягъашхэрт. Абы и фIыгъэкIэ псэууэ ягъэзэжащ гъэрхэм я нэхъыбэ дыдэм. Апхуэдэу абыхэм яхущытащ зауэ зэманми. ИтIани ди къэралым къытехъущIыхьын я напэ трагъахуэ!

Освенцим иджы музейуэ къэнащ. Зы илъэсым абы цIыху мелуани 2-м зыщаплъыхь. Зи ныбжьыр илъэс 14-м нэхърэ нэхъыщIэ я гъусэу ядэркъым - ялъагъум къызэIигъэхьэнкIэ хъунущ. Газ хьэку инэхэм, цIыхухэр щаукIа, щаубэрэжьурэ щагъэлIа пэшхэм уи нэгу къыщIагъэхьэ уи щхьэфэцхэр зыгъэтэдж шынагъуэр. Мыбы щагъэлъагъуэ 1945 гъэм щIышылэм и 27-м Освенцим и куэбжэхэр щыIуаудам совет зауэлIхэм къагъуэта вакъэ зэгуэгъу мин 43-рэ 255-ри. Ахэр ягъэкъэбзэну хуит ящIыркъым, уеблэмэ, ятIэ якIэрылъщ. Куэду яхэлъщ сабийхэм яйхэри. Ахэр зеяхэр газкIэ ягъэлIащ, нэгъуэщI щIыпIэм щызэхуэхьэса шумэданэхэр зеяхэми яхуэдэу. Мыбы ущрохьэлIэ концлагерым и унафэщIу щыта Хесс Рудольф и щхьэр зыпалъа пхъэ зэфIэдзами. Нюрнберг процессым къыщащта унафэмкIэ Гитлер и блыгущIэтхэм ардыдэр къащыщIа иужь уогупсыс фашизмэм кIэ игъуэтауэ, захуагъэр зэфIагъэувэжауэ.

Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, игъуэтакъым, абы пIалъэкIэ зыщIиуфа къудейуэ къыщIэкIащ, Iэмал зэригъуэту и щхьэр къиIэтыжынущ, щхъухь гуащIэкIэ узэда и шэрэзыр къыIупсу. Ди тхыгъэм и пэщIэдзэм дэ Освенцимрэ украин фашистхэм Курск областым пIалъэкIэ щаIыгъ щIыпIэхэм щызэхащIыхьхэмрэ щIыщызэгуэдгъэувари аращ. Мы зэманым Киев и унафэм щIэту абыхэм цIыхухэр щызэтраукIэ, я хъэтIкIи «Iуэху бгъэдыхьэкIэкIи» я гупсэ фашистхэр ягу къагъэкIыжу. Ар КъухьэпIэм илъагъу къудейкъым, атIэ икIи бзаджэнаджэхэр егъэгушхуэ, нэхъапэми хуэдэу, хущIокъу хамэIэкIэ ди къэралыр лъэрымыхь ищIыну. А щхьэусыгъуэрщ нацизмэр тегъэкъэбзыкIыныр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм щIыхагъэхьар.

Езы КъухьэпIэм блэкIар зэрехьэкI, тхыдэр щIэрыщIэу къритхыкIыжыну яужь итщ. Абы и къэралхэм я иджырей щIэблэм жраIэркъым ди зауэлIхэм, я псэхэр ягъэну, а концлагерым ис гъэрхэр хуит къызэращIыжар. Ар къегъэлъагъуэ юбилейм иращIылIа гуфIэгъуэ Iуэхухэм Урысейм и цIыхухэр зэрырамыгъэблэгъам, нэгъуэщI куэдми. Ауэ къиптхыкIыжкIэ тхыдэр пхузэхъуэкIынукъым.

НэгъуэщI лъагапIэ

Спортымрэ политикэмрэ зэпэжыжьэщ икIи зым ухэкIыу адрейм ухыхьэну уи нэгу къыщIэбгъэхьэн къудейр гугъущ. Арщхьэкlэ ар къызэхъулIахэр, хэбгъэзыхьмэ, лъагапIэшхуэхэм щынэсахэр къахокI.

ДАУИ, къыщыщIэдзэнщ къызэрыхъурэ куэд мыщIа Iуэхум - блэкIа илъэсым и дыгъэгъазэм ди гъунэгъу Куржым и президенту хахащ абы и къалащхьэ Тбилиси и «Динамом» и футболисту щыта икIи Владикавказ и «Алания»-м хэту Урысейм и чемпион хъуа Кавелашвили Михаил.

Абы нэхърэ нэхъ цIэрыIуэщ Либерием щыщ футболист Веа Джордж. ДжэгуакIуэ нэхъыфIым хуагъэфащэ «Дыщэ топ» Кубокыр европейхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI континентхэм щыщхэми ират щыхъуам 1995 гъэм а саугъэт лъапIэр япэу зылъагъэсар аращ. Африкэм и цIыхуу иджыри къэс апхуэдэ пщIэ къэзылэжьари абы и закъуэщ. Ар езым и хэкум фIы дыдэу щалъагъурт.

2005 гъэм Либерием етIуанэ граждан зауэр щиуха иужь Веа хущIэкъуащ къэралым и президенту зыхригъэхыну. Ауэ и мурадыр къыщехъулIар 2017 гъэрщ. Джордж къигъэгугъат къулейсызыгъэр игъэкIуэдыну, еджэныгъэ IэнатIэр зэрихъуэкIыну, мылъку зэзылъэфалIэхэм япэщIэувэну. Арщхьэкlэ хузэфIэкIакъым: къэралым и экономикэр нэхъри ехуэхащ. 2018 гъэм и кIэухым инфляцэр процент 28-м нэсащ. Арати, 2023 гъэм екIуэкIа президент хэхыныгъэхэм къыщытекIуащ япэм зэфIэкIауэ щыта и ныкъуэкъуэгъу Боакаи Джозеф.

Арщхьэкlэ спортым къыщехъулIам политикэм щынэмысыфа мымащIэу къохъу. Филиппинхэм я боксер Пакьяо Мэнни хущIэкъуащ езым и къэралым и президенту зыхригъэхыну, ауэ къикIакъым 2010 гъэм Пакьяо къэралым и конгрессым хэхуащ, 2016 гъэм ищхьэ палатэм - сенатым - къыщIэхутащ. Абдежи къыщыувыIащ. Мэнни и IитIым къапкърыкI удыным щымышынэ куэд къыпэщIэувэхэм яхэткъым зызэман, ауэ ар хурикъуакъым къулыкъум и лъагапIэ нэхъ ин дыдэм нэсыным. Иджы жиIэ хуэдэщ политикэм зэрыхыхьам хущIегъуэжау. Хэбгъэзыхьмэ, газетхэм нэхъапэм ятхащ илъэс 45-рэ зи ныбжь боксым Пакьяо боксым хыхьэжыну и мураду. Ауэ абы фIэкIакъым. СлIожь, политикэм сенатору ущыщытыныр сыткIэ Iей?

Урысейм щыщу спортым и лъагапIэм дэкIуеяхэм я къарур политикэм нэхъ зыщрахьэлIэр мис а депутат лэжьыгъэрщ, Къэрал Думэм хэтхэу дунейм шахматымкIэ и чемпиону куэдрэ щыта Карпов Анатолэрэ апхуэдэ щIыхьым щIигъэна Валуев Николайрэ я цIэхэр куэдрэ газетхэм къытохуэри, абыхэм я гугъу дымыщIу Журовэ Светланэ дытепсэлъыхьынщ. А цIыхубзым спортым (лъэрыжэкIэ къызэдэжэнымкIэ) куэд къыщехъулIащ, и лъагапIэ нэхъ ин дыдэм щынэсащ: 2006 гъэм Турин щекIуэкIа Олимп джэгухэм дыщэ медаль къыщихьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым «Урысей Зэкъуэт» партым и цIэкIэ Ленинград областым и Хабзэубзыху зэхуэсым хахащ, 2007 Къэрал Думэм къыщIэхутащ икIи иджы зэхуэсыгъуиплI хъуауэ абы и депутатщ.

«ЦIыхубзхэр фIэкIыпIэ имыIэу хэтын хуейщ псэуныгъэм егъэщIылIа политикэм,- жеIэ Светланэ. - Мыбдеж абы куэд щыпхигъэкIыфынущ. Арауэ къыщIэкIынущ политикэм щIыхыхьари.

Журовэм къелъытэ езыр хэту ягъэхьэзыра законхэм ящыщу Къэзан «Универсиада-2013»-р щызэхэшэнымрэ 2014 гъэм Сочэ ЩIымахуэ олимпиадэ щегъэкIуэкIынымрэ ехьэлIахэм нэхъ мыхьэнэшхуэ яIэу.

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар нэгъуэщI щIыналъэхэрщ, ауэ жыжьэ дымыкIуэу ди Къэбэрдей-Балъкъэрми спортым къыхэкIыжхэр политикэм зэрыхыхьэм и щапхъэхэр щыIэщ. НаIуэу зэрыщытщи, ди республикэм и щIыхьыр дуней псом щызыIэта олимп чемпион Къардэн Мурат мы зэманым КъБР-м и Парламеным и УнафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ, апхуэдэ дыдэ зыхузэфIэкIа олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч республикэм спортымкIэ и министру щытащ.

Мы тхыгъэм къегъэлъагъуэ спорт лъагапIэм нэсын папщIэ дэтхэнэри зыхуей хьэл-щэнхэр - ерыщагъыр, къызэфIэмыщIэныр, псори зэпэлъытэныр, и мурадыр пхигъэкIыныр, н.къ. политикэми къазэрыщыхуэщхьэпэр. ЗэрыцIэрыIуэри абыхэм хэлъхьэжи, ар икIи хъарзынэщ.

Куэд щIакъым Кэнжэ (Къуэшыркъуей) къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм «Гъуазэ» фIэщыгъэр зыгъуэта журналым и лъэтеувэ зэрыщекIуэкIрэ. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр псынщIэ ящыщIын, щIэныпхъэмкIэ щыIэ еплъыкIэхэмрэ бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ дэгуэшэн гуращэкIэ дунейм къытехьа журналым IэнатIэм пэрытхэр щыгуфIыкIат, абы и къыдэкIыгъуэщIэхэм зэрапэплъэри къыхагъэщат. Апхуэдэу гуапэу журналым зэрыIущIам игъэгушхуа «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и лэжьакIуэхэр щIагъуэ дамыхыу къыкIэлъыкIуэну къыдэкIыгъуэм и ужьи иригъэхьат. Япэ къыдэкIыгъуэм къызэщIиубыда тхыгъэхэр щIэныпхъэм нэхъ тещIыхьауэ щытамэ, етIуанэм абы тегъэщIапIэ ищI бзэщIэныгъэм щыщ Iуэхугъуэ зыбжанэ къызэщIиубыдащ. Арыххэуи, журналым пщэрылъ зыщищIыжа Iуэхугъуэхэм хэпщIыкIыу зиубгъуащ, къиIэт псалъэмакъхэми фIыуэ хэхъуащ. «Псэуну еIэ» журналым и гъащIэр егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гукъыдэжымрэ зэрелъытар IупщIу къэлъэгъуащ, етIуанэ къыдэкIыгъуэри а гуращэм къигъэщIащ, жыпIэми, щыуагъэ хъунукъым.

ЩIэнтыгъэ

БгъэдыхьэкIэщIэхэр къелъыхъуэ

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, дунейм цIыхуу тетыр бзэ мини 7-м нэблагъэм иропсалъэ. ЩыIэныгъэм къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм абыхэм ящыщ куэдыр кIуэдыпIэ иригъэуващ, къыпхуемыгъэлыну цIыхухэм яIэщIэхупэ бзэхэри мымащIэу къахэкIащ. ТIасхъапIэ ихуа бзэхэр нэхъыбэжщ. Жылэм ухыхьарэ къыдекIуэкI лъэпкъыбзэр зэхэпх хуэдэу, балигъи щIалэгъуали абы ирипсалъэм ещхьу, ауэ, ипэжыпIэкIэ, а бзэм зэрызиужьрэ къыхэхъуэрэ зэрыщымыIэр къыбгурыIуэнкIэ Iэмал имыIэу зы щытыкIэ «хьэлэмэт» итщ ахэр. Абы къикIыр арщи, къыдэкIуэтей щIэблэм бзэр нэсу зэраIурымылъырщ, и лъащIэм къыщегъэжьауэ щIэткIукIыурэ гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэраIуатэ щIыкIэхэмрэ Iэмалхэмрэ абыхэм зэраIэщIэужьыхэрщ. Апхуэдэ щытыкIэ хьэлъэм деж бзэм и хъумэныр жылэм щыщ псоми къалэн тIуащIэу къатохуэ. Зы лъэныкъуэкIэ, унагъуэм щримыпсалъэмэ, адэанэм бзэр быным ирамыгъащIэмэ, ар удын хьэлъэу абы къытохуэ, егъэундэращхъуэ, мащIэ-мащIэурэ егъэкIуасэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIи укъеплъмэ, адэанэр дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэщ. Апхуэдэ къалэныр, зэрыхъуар аращи, нэхъыбэу къызытехуэр гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэщ. Ахэращ анэбзэр фIыуэ зымыщIэ сабийм ар фIыуэ езыгъэлъагъур, абы гумащIэу хущыту зыгъасэр. Къалэныр щхьэрыутIыпщ зыщIым сабийр къэгъазэ имыIэу IэщIокI, уеблэмэ лъэпкъым фIэкIуэдынри зыхуэIуа щыIэкъым.

ТIасхъапIэ ит бзэхэм захъумэжыныр къэгъэнауэ, заужьыныр адэ-анэмрэ егъэджакIуэхэмрэ къатенэныр сыт хуэдизу фIэкIыпIэ зимыIэ Iэмалыншагъэу щытми, къэралымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я къалэнри пщыгъупщэ хъунукъым. Къэралым къызэригъэпэщын хуейщ анэдэлъхубзэр егъэджынымкIэ Iэмалхэр, зэтригъэувэн хуейщ бзэр нэсу щIэблэм къиищIэн папщIэ ар зэрыбдж хъуну сыхьэт бжыгъэмрэ зэребгъэджыну тхылъхэмрэ. Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм лъэпкъыбзэхэм пщIэ хуащIыным ипэ ищ лъапIэныгъэрэ къалэн нэхъыщхьэрэ щымыIэу унафэщIхэм я фIэщ щIын хуейщ. «Хуейщ» жыхуэтIэм къызэщIиубыдэ псори лъэныкъуэхэм къагурымыIуэу щыткъым, Iуэхур здэщыIэр ахэр гъащIэм хэпща зэрыхъупхъэрат... Ауэ, «Гъуазэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ ХьэцIыкIу Рае къыдэкIыгъуэщIэм и псалъэпэм къызэрыщыхигъэщащи, «къулыкъум лъэпкъ нэщэнэ иIэкъым. Ар къулыкъущи, лъэпкъми къупщхьэми ящхьэкIэ щыIэу зегъэувыж»... Къэралым и хьэкъхэр зэригъэзащIэм еплъытмэ, бзэмкIэ щыIэ гумэщIыгъуэхэр гъэкIуэдынымкIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къахуэзылъыхъуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр мащIэкъым. Уеблэмэ абы хуэунэтIа пэхуэщIэ хьэлэмэт Iэджи дунейм къытрагъэхьэ. «Гъуазэ» журналыр абыхэм ящыщ зыщ.

Тыншкъым бзэр хъумэныр, ар къэгъэнауэ, гугъуехь куэд зыпылъ IэнатIэщ. Тепщэ хъуа бзэм къыщынэмыщIауэ, мыдрейхэм

ягъуэт гулъытэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къызэфIагъуэ. АфIэкIа хэмылъми, «Фрегат» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа, «Гъуазэ» фIэщыгъэ дахэр зыгъуэта журналым и 2-нэ номерым мыхьэнэшхуэ зэриIэр нахуэщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, «Гъуазэр» егъэджакIуэфIхэм я къэхутэныгъэхэмкIэ щызэхъуэжэн, я Iуэху еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр утыку щащIын, классщIыб лэжьыгъэр зэрефIэкIуэн чэнджэщхэр къыщагъуэтын журналу щытын хуейуэ гъэпсащ. Абы и напэкIуэцIхэм щыщ траухуэнущ лъэпкъ литературэм увыпIэ лъагэ щызыубыдахэми, нобэ гугъэ къыдату зи макъ къэзыгъэIуахэми.

КъыдэкIыгъуэщIэр къызэIуех редактор нэхъыщхьэм «Адыгэбзэм и сурэтщ адыгэ анэр» зи фIэщыгъэ тхыгъэмкIэ. Мыбдеж ХьэцIыкIу Рае анэбзэм игъуэт гулъытэмрэ ар зэрыт щытыкIэ гугъум къызэришын хуеймрэ ехьэлIа гупсысэхэмкIэ тхылъеджэм догуашэ, ар хъумэным хуэгъэзауэ лъэныкъуэ псоми я зэхуэдэу щыт къалэнхэр къыщызэпкърех.

Журналым БищIо Борис адыгэбзэ псэлъафэм триухуа къэхутэныгъэ хьэлэмэт ихуащ. Абдеж щIэныгъэлIыр щытопсэлъыхь адыгэбзэ псэлъэкIэр купщIафIэ икIи Iугъуафlэ зыщI фразеологиехэм, абыхэм я лIэужьыгъуэхэм, я зэхэлъыкIэм, я шэрыуагъымрэ къаIуатэ зэфIэкIымрэ зыхуэдэм.

Журналым къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм къызэщIиубыдащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щыIэ щIэныпхъэхэм итIасэ лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу къыдэкIыгъуэм итщ ХьэцIыкIу Рае «Кърузакъуэр уэгум кърeмынэ» зыфIища тхыгъэр. Ар теухуащ Нало Заур и IэдакъэщIэкIхэр курыт еджапIэм зэрыщыдджыпхъэм, гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэ, философие мыхьэнэ зиIэ гупсысэхэм, ахэр ныбжьыщIэхэм я пащхьэ зэрилъхьапхъэм.

АдэкIэ журналым ихуащ ХьэтIохъущыкъуэ къуажэм дэт, Куэтэншы ТIалэ и цIэр зезыхьэ 3-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Жылау Жаннэ, Урыху (Къугъуэлъыкъуей) къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м анэбзэр щезыгъэдж Мэрзей Зое, Къармэхьэблэ дэт Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1-м щыщ Лыхь Людэ, ХьэцIыкIу Рае сымэ бзэмрэ литературэмкIэ дерсхэр зэрырагъэкIуэкI сценарийхэмрэ классщIыб лэжьыгъэхэм я план убгъуахэмрэ.

IыхьэфI хухэхащ 9-нэ, 10-нэ, 11-нэ классхэм адыгэ литературэр щаджкIэ къахуэщхьэпэну тестхэм. Ар зэхэзыгъэувар Инарыкъуей къуажэм дэт, Пэнагуэ Азэмэтджэрий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Хьэрэдурэ Эммэщ. Къыхэгъэщын хуейщ тестхэр лъэпкъ литературэр курыт еджапIэхэм зэрыщрагъэдж программэм зэрытехуэр, тхылъыщIэхэм къызэщIаубыда Iуэхугъуэхэм хуэгъэзауэ зэрыщытыр.

КъыдэкIыгъуэ къэс журналым увыпIэ хэха щигъуэтынущ адыгэбзэ пэжьырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэхэмрэ епха хабзэхэм. Ахэр псори къызэщIэзыубыдэ тхылъыр гъуэтыгъуей зэрыхъуам, егъэджакIуэхэр мызэ-мытIэу къызэрыщIэупщIэм къыхэкIащ тхыбзэ хабзэхэр пычыгъуэ-пычыгъуэкIэрэ журналым къытедзэныр.

Iыхьэ щхьэхуэ яхухэхащ адыгэбзэ щIэныгъэм зиужьыным хьэлэлу хуэлэжьа щIэныгъэлIхэмрэ егъэджэныгъэ IэнатIэм гуащIафIэу пэрытахэмрэ ятеухуахэм. Апхуэдэу мы къыдэкIыгъуэм ихуащ адыгэбзэ синтаксисыр джыным зи гъащIэр езыпха, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ЗекIуэгъу Увжыкъуэрэ адыгэбзэр зымыщIэхэм ар зрагъэщIэнымкIэ къагъэщхьэпэфыну тхылъхэмрэ щIэныпхъэхэмрэ зэхэзыгъэува, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Гугъуэт-Бекъан Масиpэтрэ я гъащIэр, я лэжьыгъэр, я IуэхущIафэхэр щызэпкърах тхыгъэхэр, Табыщ Муратрэ Балэ Людэрэ я IэдакъэщIэкIхэр.

Журналыр егъэджакIуэм и дэIэпыкъуэгъуфI хъунуми гъащIэ кIыхь иIэнуми нэхъыбэу зэлъытар абы егъэджакIуэр хуеинращ. «Гъуазэр» къыдэзыгъэкIхэр щогугъ ирагъэжьа Iуэхум ахэр къыкъуэувэну, егъэджэныгъэм и Iэмалыфlхэмкlэ ягъэбэгъуэну анэдэлъхубзэмкIэ щIэблэм яIэ щIэныгъэмрэ абы хуаIэ лъагъуныгъэмрэ.

Журналым и 2-нэ къыдэкIыгъуэр бжыгъэкIэ 500 хъууэ арaщ, къызэгъэпэщакIуэхэм ар егъэджакIуэхэм хузэбгратыкIыну траухуащ.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

Дыкъызэрагъэгугъам тету

Мы гъэм мазаем и 1-м ди къэралым аргуэру щыхагъэхъуащ пенсэхэм. Статистикэм къитахэм ятепщIыхьмэ, блэкIа илъэсым Урысейм инфляцэр проценти 9,5-кIэ щыдэкIуеяащ, арщхьэкlэ лIыжь-фызыжьхэм иратхэм зэрыхагъэхъуар процентi 7,3-кIэщ. А зэщхьэщыкIыныгъэр ягъэкIуэдыну УФ-м и Президент Путин Владимир къыщигъэуващ экономикэ IуэхухэмкIэ комиссэм и зэIущIэм. Абы жиIащ страховой, дзэ пенсэхэр мы гъэм ипэжыпIэкIэ инфляцэр зыхуэдизымкIэ индексацэ ящIыну. Иужьрейр нэхъ лъагэ хъуауэ къыщIэкIащ, я гугъам нэхърэ. Иджы а бжыгъэхэр зэхуагъэкIуэжынущ, щIышылэм ямытахэри хагъэхьэжу.

ПРЕЗИДЕНТЫМ жиIащ пенсионер къызэрыгуэкIхэм къадэкIуэу дзэм къулыкъу зэрыщищIа зэманым тещIыхьауэ е хиха ныкъуэдыкъуагъэм къыхэкIыу пенсэ зратхэми гулъытэ хуащIын хуейуэ. Зи гугъу сщIахэм я пенсэхэм иужьу щыхагъэхъуар 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 1-рщ икIи процентi 5,1-рэ къудейкIэщ. УФ-м и IэтащхьэмкъыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ. ари процентi 9,5-кIэ - инфляцэр зэрыхъуам хуэдизкIэ - къаIэтыну я къалэнщ.

Сыт хуэдизкIэ атIэ пенсионерхэм яIэрыхьэхэм зэрызыIэтынур? IэщIагъэлIхэм абы теухуауэ жаIэхэр зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым. 2025 гъэм щIышылэм Урысейм ику ит пенсэр сом 24-рэ 059-рэ щыхъуауэ къэплъытэмэ, мазаем сом 530-рэ къыхэхъуэнущ. ЗыхущIагъужа пенсэхэр яIэрыхьэнущ цIыху мелуан 33,2-м (а бжыгъэм хэтщ лажьэ, дзэ пенсионерхэр). Мы Iуэхум трагъэкIуэдэнущ сом мелард 17,6-рэ.

Хъарзынэ хуэдэщ, ауэ къэлъытэн хуейщ а псоми езыхулIа инфляцэри и пIэ зэримытыр. Хэбгъэзыхьмэ, нэхъри зреч икIи ар зэкIэ яхуэубыдыркъым. Дэ сыт щыгъуи тегъэщIапIэ тщIы статистикэм къитахэм ятепщIыхьмэ, мы гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыхукIэ зэрыдэкIуея процент 0,67-м къыкIэлъыкIуэ тхьэмахуэ зэхуакум зэрыхэхъуа процент 0,25-р хэплъхьэжмэ, мазэм и япэ махуэ 20-м инфляцэр проценти 10-м нэсащ икIи дызыгъэпIейтей бжыгъэ зэгуэтым щIигъуащ. Пэжу уасэхэр иджыри дзакъащэркъым: хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ нэхъ лъапIэ зэрыхъуар процент ныкъуэкIэщ. Ерысъкыхэкlыу щымыт хьэпшыпхэм я деж уасэхэр мыпхуэдэу щыдэуеящ: электокъарум ирилажьэ сабэщыпхэм проценти 2,1-кIэ, ди къэралым щащIа автомобиль псынщIэхэм проценти 2-кIэ, смартфонхэм процент 1,2-кIэ. ЗэрытлъагъущIи, фIэкIыпIэ имыIэу дызыхуейхэм ящыщкъым. Урысейм и Банкым ахъшэ-кредит политикэмкIэ и департаментым и унафэщI Ганган Андрей зэрыжиIэмкIэ, 2025 гъэм и мэлыжьыхьым иужькIэ илъэс инфляцэр и лъагапIэм нэсынурэ, «иужькIэ жыджэру къехыжу щIидзэнущ». Инфляцэм зрычыныр щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIащ.

Пенсэхэр

IэщIагъэлIхэм къалъытэ щытыкIэм зихъуэжу. Правительствэм щIыдагъэ компанием зэратрикъуэзэм къыхэкIыу, абыхэм бензинымрэ соляркэмрэ нэхъ пуду ящэу щIадзэ. Абы ижь ящIимыхунуIэ Iэмал иIэкъым тыкуэнхэм щызекIуэ уасэхэм. Пэжу, абы ущыгугъыщэ хъунукъым: гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыщIадзэу гъэсыныпхъэхэр нэхъ лъапIэ хъужынущ. Арaщи, инфляцэм и лъэныкъуэкIэ гъэр тыншу щытынукъым, экономикэм и зыужьыныгъэм ар зэран хуэхъунущ.

СлIожь, апхуэдэ щытыкIэ щыщыIэ зэманым къэралым жьыкIэфэкIэхэм къахущIигъу дэтхэнэ сомми мыхьэнэ иIэщ икIи зытебгъэгусэ хъунукъым. ЗэрыжаIэщи, гулъытэр нэхъыщхьэщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

ПЩЫУКI Латмир:

Си гъащIэ Iыхьэхэм яподжэж си тхылъхэр

И ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъур нобэ егъэлъапIэ ПщыукI Латмир. Ар усакIуэщ икIи дохутырщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, хущхъуэкIи, чэнджэщкIи, псалъэкIи йоIэзэ цIыхум. Медицинэр и IэщIагъэмэ, усэныр и псэм и къулеягъэр къэзыгъэлъагъуэ дуней тетыкIэщ. ПщыукI Латмир щIыфэ узыфэхэмрэ венерологиемкIэ республикэ диспансерым и дохутырщ. КъБКъУ-м медицинэмкIэ и къудамэр къиуха нэужь, и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва щыIэ ординатурэм. УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, и Iэдакъэм усэ тхылъищ къыщIэкIащ: «КъуэкIыпIэ пшэплъ», «Си гум и IэпапIэ», «Губгъуэ зэрыджэ». Латмир медицинэм, усыгъэм, литературэм теухуауэ къыджиIам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- ПщыукI Латмир усакIуэщ, медицинэм щиIэ зэфIэкIхэри инщ. IэщIагъитIыр дауэ къыщызэдэгъуэгурыкIуэрэ уи гъащIэм?

- УсакIуэу къыщIэкIынущ нэхъыбэу зыкъызэрыслъытэжыр. Ар зыфIэпщыжыну къезэгъыу си гугъэщ, уи гумрэ уи псэмрэ апхуэдэ щытыкIэ зыхыуагъащIэмэ.

Дохутырымрэ усакIуэмрэ куэдкIэ зэщхьщ. Тlури псэм епхащ. Сымаджэм ибохьэлIэ псэ хуабагъэ. Ар хэмытмэ, сыт хуэдэ хущхъуэ йомыхьэлIэми, нэсу сэбэп ухуэхъуфынукъым, езыми и узыншагъэр дзыхь къыпхуищIын хуэдизу и гур къыббгъэдыхьэнукъым. Сымаджэм къуигъэз дзыхьыр зыхэпщIэну гугъукъым. ЕтIуанэуи ещанэуи, дохутыр хуэныкъуэ хъуху, къытригъэзэнущ уи деж, и ныбжьэгъуи, и цIыхугъи къыпхуигъэкIуэнущ.

Усэри псэращ къыщежьэр. УетIысылIэу, бзэ и лъэныкъуэкIэ дапхуэдизу зыхуей хуомыгъэзами, псэм и лъагъуэм къримыкIуа сатырхэр усэ хъуфынукъым. АтIэ, ар псэм щыпIэжьажьэм-щыпIэжьажьэурэ зыкъызэкъуех, ирокъури, «и хьэл иIэжу» къокIуэ тхылъымпIэм. ЦIыхум езым и генетикэ иIэжу дунейм къызэрытехьэм хуэдэщ усэми и къэкIуэкIэр.

Аращи, IэщIагъитIми я Iуэху зэхэлъщ, тIуми уи псэм щыщ хыболъхьэ.

- Дохутыр IэщIагъэм дауэ утегушхуат?

- Си анэшхуэр сымаджэ хьэлъэу хэлът. А зэманым нэхъыфI дыдэхэм хабжэу щыта дохутыр ахъырзэман Нэхущ Хьэрэбий къашэурэ къргъэIэзэрт. Нэхъапэхэм апхуэдэ дохутырышхуэхэм тыншу зыкъуагъэгъуэтырт, зыхущIагъэхьэфырт. Фонедоскопыр и тхьэкIумэм Iуилъхьэу си анэшхуэм ар къеплъауэ зэрыщытар си гум изубыдащ. Дохутырым и лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъур, цIыхугъэ зэрыхэлъыр си нэгу щIэкIати, сехъуэпсащ, дохутыр сыхъуну сызэрыхуейр хьэкъыу спхыкIагъэнущ абы щыгъуэм.

Ди адэм фIэфIт литературэр фIыуэ зэрыслъагъур, къысхуигъэдахэрт усэ зэрыстхыр. Курыт еджапIэр къэзухмэ, Москва щыIэ Литературэ институтым сыщIигъэтIысхьэну хуейт. Ауэ, сэ мо цIыху щэджащэм дэслъэгъуар си нэгу щIэтти, а IэщIагъэм сызэрыхуейр щыжесIэм, «абы щыгъуэм уэ пфIэфIращ сэри сфIэфIыр» жиIэри, дохутыр сыхъуным тедухуащ. 10 - 11 классхэм репетитор сиIэу зызгъэхьэзыращ – КъулъкъужынсыкъикIыурэ Налшык сыкъакIуэурэ седжэрт. ИлъэситIкIэ гугъу зезгъэхьри, сыщIэтIысхьащ ди университетым медицинэмкIэ и къудамэм. А зэманым еджапIэ нэхъыщхьэ ущIэтIысхьэну куэдкIэ нэхъ гугъут иджы нэхърэ.

Университетым сызэрыщIэтIысхьар куэдкIэ и фIыгъэщ Хьурей Феликс. Профзэюзхэмкlэ унэм бзылъхугъэхэм я гимназие къыщызэIуахырти, драджауэ щытащ абы дыхэтыну. Си тхылъ цIыкIур къыдэкIагъащIэти, ар згъэлъэгъуащ, си усэхэм ящыщ сыкъеджащ. Хьурей Феликс щIэст а пшыхьми, гу къыслъитэщ, сызыбгъэдишэри къызэпсэлъащ, си гугъэхэм, школыр къэзухмэ здэзунэтIыну сызыхуейм теухуауэ. Дохутыру седжэну сигу зэрилъыр щыжесIэм: «Аттестатыр къызэрыпIэрыхьэжу си деж накIуэ, сыбдэIэпыкъунщ!» - къызжиIащ. СриIыхьлы дыдэм хуэдэу, си къэкIуэнум теухуауэ жэуап ихьу фIэкIа умыщIэну къызэпсэлъащ ар. Сэри зэрыжиIам хуэдэу сщIащ, курыт еджапIэр къызэрызухыу Феликс зыхуэзгъэзащ. «Илъэсихым уи еджэным текIуэдэнур ди зэгухьэныгъэм и мылъкум къыхэдгъэкIынущ», - жиIащ аргуэру. Университетым сыщIигъэтIысхьэри, ар къэзухыхукIэ, и нэIэ къыстетащ, «уи еджэныр, сессиер, практикэр дауэ хъурэ?» жиIэурэ къыскIэлъыгъуэзащ. Деканатым нэпсалъэу, «ПщыукIым и Iуэхур сыт хуэдэ?» щыжиIэкIэ, «НэхъыфIу еджэхэм ящыщщ» - къыжраIэмэ, гуфIэрт. Сэри сымыгъэщIэхъуу седжащ.

Хьурей Феликс щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, къэухь ин зиIэ цIыхущ. Уи нэгум къыщIэгъэхьэт, благъагъэкIи къыбгуэмыхьэу, зэрыпцIыхуи щымыIэу, зы пщыхьэщхьэ закъуэм къыхэплъагъукIа ныбжьыщIэм хузэфIэкIынIауэ гу лъыптэрэ, «къакIуи, сыбдэIэпыкъунущ!» жыпIэу зыбгъэдэпшэныр лIыгъэшхуэтэкъэ! Апхуэдэу псэ къулей зиIэ цIыхум Тхьэм сыхуишат си гъуэгур щызэхэкIынум!

- Унагъуэ зыухуэ ныбжьыщIэхэм я узыншагъэм зэрыкIэлъагъэплъам теухуауэ тхылъ яIэныр хабзэм (законым) къигъэзэгъамэ, зи узыншагъэм дагъуэ иIэу, сабий сымаджэу дунейм къытехьэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуну пIэрэт? Нэчыхь тхылъым апхуэдэ дэфтэр дыщIыгъуамэ...

- Усыгъэри, литературэри, бзэри – псори уэзыгъэлъагъужыр узыншагъэращ. Узыншагъэ уимыIэмэ, ирикъуу а псор зыхыумыщIэфынри хэлъщ. Унагъуэ зыухуэ щIалэгъуалэм я деж куэд къыщожьэ. Сэ схузэфIэкIамэ, инфекцэ е нэгъуэщI дагъуэ гуэрхэм я лъэныкъуэкIэ я Iуэхур зытетыр зэхэзгъэкIынт, нэчыхь ирагъэтхын ипэкIэ. Апхуэдэ хабзэр тхIийуэ щагъэзащIэ къэрали щыIэщ. Лъэпкъыу укъызэтенэным папщIэ мы Iуэхугъуэм икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. «Профилактическая медицина» жыхуэтIэр щымыIэмэ, щIэблэ узыншэ къытщIэмыхъуэмэ, ар бзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм я дежкIи хэщIыныгъэщ, адрей псом я гугъу умыщIи.

Сыхуейт, абы теухуа къэрал хабзэ щхьэхуэ щымыIэми, ныбжьыщIэхэр езыхэм я гупсысэкIэ, я акъылкIэ а Iуэхум бгъэдыхьэу, унагъуэ яухуэн ипэ къихуэу я узыншагъэм кIэлъагъэплъыну. Ар жэуаплыныгъэщ, щIэблэ узыншэм нэхъ лъапIэ унагъуэми, лъэпкъми, къэралми зэрамыIэм тепщIыхьмэ.

- Курыт еджапIэм ущIэсу уи япэ усэ тхылъыр дунейм къытехьащ...

- Илъэс 12-м ситу къыщIэкIынут тхэн щыщIэздзам... Илъэс 16 сыхъуу дунейм къытехьащ си япэ усэ тхылъыр. Стхыхэм нэхъыфIу яхэту къэслъытэу хъуар машинкэкIэ теддзэри, тхылъ тедзапIэм схьащ. Утегушхуэн хуейтэкъэ апхуэдэ лъэбакъуэм ушколакIуэу! Япэ сызыхуэзэ бжэр къыIусхри, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ зыщIэс пэшрауэ къыщIэкIащ. НапэкIуэцIищэ хуэдиз хъуну тхыгъэхэр зыдэлъ папкэр естати, сыкъыщIимыгъэкIыжу къеджащ асыхьэту. «Мыр къыдэгъэкIын хуейуэ дгъэбелджылахэм хэзмыгъэхьэу, занщIэу и Iуэху зетхуэнщ», - жиIащ. Абы щыгъуэ Хьэмыщэ: «УщIалэщ уэ иджыри, тхылъ къыдэбгъэкIыным унэсакъым, тхэ - хэгъахъуэ – зэхуэхьэс», - жиIэрэ сыIуигъэкIуэтамэ, нэгъуэщI зыгуэру хъунри хэлът си усэным и Iуэхур. АтIэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ си тхылъыпхъэр къиштэри, и теплъэкIи, и щIыкIэкIи зэхуэхъуауэ къысхудигъэкIауэ щытащ. Мис апхуэдэу сэбэп къысхуэхъу цIыху куэдым сащыхуэзащ си гъащIэ гъуэгум.

- УсакIуэм и пщэм къалэн дилъхьэжын хуейуэ пIэрэ литературэм теухуауэ, хьэмэрэ и гум жиIэм тету тхэмэ, абыкIэ гъэзэщIа хъурэ а къалэныр?

- Абы гъэщIэгъуэну гу лъыптащ... Тхэну пщэрылъ зыщызыщIыжам къалэн нэхъыщхьэу иIэр и псэм хуэпэжынырщ. ЩIэкъэ, псалъэм папщIэ, дуней мылъкукIи къулыкъукIи пхъуэж мыхъун Iуэху еплъыкIэ? ПцIыр, залымыгъэр е нэгъуэщI мыхъумыщIагъэр къезэгъыу жозыгъэIэн къару щыIэн хуейкъым. Мис апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр тхэным къозэгъ. Усэ птхы къудейкIэ зэфIэкIыркъым, абы хурикъун псэ уиIэн хуейщ. Аракъэ езыр узыгъатхэри! Аращ сэ усакIуэ къалэным къизгъэкIыр. ИкIи ар мащIэкъым. Диным псэ къабзэкIэ цIыхур зэрыбгъэдэтым хуэдэу, къалэмыр къэзыщтэр и псэ къабзагъэм егъэдахэ.

- Нобэм къэс къэбгъэщIар зэманкIэрэ зэпыбгъэщхьэхукIмэ, уи гъащIэ Iыхьэхэм я джэрпэджэж хуэдэу хъурэ уи усэ тхылъищыр?

- Зыр курыт еджапIэм сыщIэсу стхащ, етIуанэр – сыстуденту, ещанэр IэщIагъэкIэ, лэжьыгъэкIэ, гупсысэкIэ сызэтеувауэ къыдэзгъэкIащ. Пэжщ, си гъащIэм и Iыхьэхэм яподжэж тхылъхэр. Зэман хъарзыни дэсхауэ, мис иджы согъэхьэзыр еплIанэ тхылъыр.

- Латмир, сыт уэркIэ усэр? УсакIуэмрэ щIэджыкIакIуэмрэ я зэхуакум сыт дэлъ?

- ГъащIэм и щэху псори щIэныгъэм иджауэ къытщыхъу пэтми, щIэныгъэр дунейм и зэхэлъыкIэм щыщу зыщыгъуазэр зымащIэ дыдэу къыщIэкIынущ. ИпэжыпIэкIэ тлъагъум нэхърэ щыIэр куэдкIэ нэхъыбэщ, нэхъ куущ жыхуэсIэщ. АтIэ усэр а куупIэм и щэхум и зы кIапэ уэзыгъэлъагъу гуэру къысщохъу.

ЦIыхуипщI фIэкIа уи IэдакъэщIэкIхэм емыджэми, птхымкIэ абыхэм уадэгуэшэн хуейуэ си гугъэщ. Зи псэм губампIэ гуэр телъым и щхьэр кърихьэлIэфын хуэдизу нэгъуэщIыр зыхищIэфын хуейуэ сопль усакIуэм. Сыту жыпIэмэ, ар псэм и гъуэгум ирокIуэ. АпхуэдэтэкъэАгънокъуэЛашэ! КъызолъытэлиΤэ, литературэм къыхыхьэм чэнджэщэгъу, гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъун иIэн хуейуи.

60 - 70 - 80 гъэхэм адыгэ литературэм уэру тхакIуэ гупыфI къыхыхьауэ щытащ. 90 гъэхэм Хьэх Сэфарбий зэхуишэсри ядэлэжьэн щIидзащ тхэн щIэзыдзахэм. Согупсысри, сыту лэжьыгъэшхуэ зэфIиха Сэфарбий абы щыгъуэ!

- «Адыгэ псалъэ» газетым уэзрыщылэжьам дыкъытегъэувыIэ...

- Адыгэ газетым сащыдэлэжьащ литературэми публицистикэми зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ нэхъыжь щэджащэхэм. Сыт и уасэт Къэрмокъуэ Хьэмид удэлэжьэну! Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр зэрызэридзэкIам и закъуэ фIэкIа имыщIами, абы и зэфIэкIыр зэрыиныр гурыIуэгъуэт. Уэрэзей Афликщи, усакIуэфIт, псалъэм и пIалъэр ищIэрт, чэнджэщ екIу къуитыфырт. ФIыгъуэ и уасэт Iуэху удыхэтыну!

2000 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым папщIэ КIыщокъуэ Алим сепсэлъауэ щытащ. Абы щыгъуэ тхакIуэшхуэ-усакIуэшхуэм къызжиIар си гум илъщ: «КъэскIуа гъуэгур си лъакъуитIым абрэмывэ зырызу фIэлъщи, си лъахэм сынагъэкIуэжыркъым»...

Сыт хуэдиз фIыгъуэ ббгъэдэлъми, уи Хэкум упэIэщIэу упсэун хуей хъуныр нэхъ тхьэмыщкIагъэшхуэ дыдэхэм ящыщу къысщохъу. Нэгъабэ Тыркум зыгъэпсэхуакIуэ дыщыIэу, сегупсысащ абы. Псори хьэлэмэтт, хьэщIэщ дыкъыщыувыIар сыткIи къызэгъэпэщат, дунейр щIэращIэрт, ди нэгу зиужьырт... ИтIани... хамэ щIыпIэ уIэпхъуэу, ар псэупIэ пхуэхъуным и хьэлъагъыр дакъикъэкIэ си нэгум къыщIэзгъэхьэри, си щIыфэм щIыIэ-щIыIэу ирикIуащ гупсысэр. ХамэщIым щыпIухуэ псым уи псыхуэлIэр иримыгъэкIыу, узытеувэ щIы кIапэр уи лъэм зыхимыщIэу – сыту насыпыншагъэшхуэ ар...

- Псэмрэ бзэмрэ зэщIыгъу?

- ДауикI, тIури къызэдэщтэн хуейщ. Псэ, зэхэщIыкI, щIэныгъэ зиIэу дунейм тет цIыхум бзэри къыфIэIуэхунущ. Урысыбзи, инджылызыбзи, франджыбзи фIыуэ зригъэщIарэ, зи псэри къулей хъуа цIыхум, зыкъигъэзэнщи, и адэжьхэм я бзэр иджыжынщ, зэгуэр ар пэIэщIэу щытами. Апхуэдэ щапхъэ куэд щыIэщ. Зи Хэку щымыпсэу, къэралыбзэ зыбжанэми хуэшэрыуэ адыгэ щIалэхэр щыIэщ, анэдэлъхубзэр псом япэ ирагъэщу, иригупсысэу, ирипсалъэу. ЖысIэнуращи, зэхэщIыкI уиIэмэ, дэнэ щIыпIи ущыадыгэфынущ.

- Бзэр кIуэдыжынкIэ шынагъуэ щыIэу къыпщыхъуркъым...

- Адэ си гум щыпIэжьажьэу зы зыхэщIэ гуэр сиIэщ, адыгэм нэплъэжыгъуэ диIэныр си фIэщ ищIу. Бзэр кIуэдыжыну си фIэщ хъуркъым, лъым и къарур апхуэдизкIэ лъэщщи.

- Сабиигъуэр, щIалэгъуэр, иджыпсту уэзрыува лIыпIэ ныбжьыр къызэщIэпкъуэжрэ уи гъуэгум уриплъэжмэ, узыхуэарэзыж?

- Адэ-анэфI сагъэсащ, жылэфI сыкъыдэхъукIащ, си гъащIэ гъуэгум псэкIэ дахэ цIыху куэдым сащыIущIащ. ФIыуэ слъагъу IэщIагъэм сыпэртыщ. Тхьэм адыгэбзэ къысIурилъхьащ. КъысIурилъхьа къудей мыхъуу, абыкIэ сритхэнуи къысхуигъэфэщэжащ. Си унагъуэкIэ, си щхьэкIэ, лэжьыгъэкIэ сохъулIэ, узыншагъэ IуэхукIэ цIыхухэм сэбэп сахуохъуф. Тхьэм и фIыщIэкIэ, си анэр схуэпсэущ! Сыт нэгъуэщI цIыхур зыхуэныкъуэр?

- Латмир, уи унагъуэм и гугъу тщIыну нобэ къеззэгъыу си гугъэщ...

- Хъыджэбзипл диIэщ. Нэхъыжьыр илъэс 21-рэ, етIуанэр 18, ещанэр 12, нэхъыщIэр 8 мэхъухэр. НэхъыжьитIыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щоджэ. Дохутыр хъуну ехъуапсэу зыми зэкIэ къызыпхигъэIукIакъым. Ар къыхэзых къахэкIми, си гуапэу ядэсIыгъынущ.

- Адэр зэрыусакIуэр дауэ къащыхъурэ?

- ЯфIэгъэщIэгъуэнщ, яфIэфIщ. Ауэ, иджыри зыхащIащэу къысщыхъуркъым. Анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэу яIурылъщ, адыгэбзэкIэ еджэну я жагъуэкъым.

- Тхьэм уигъэпсэу, Латмир!

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

• Спорт хъыбархэр

Аслъэнбэч и дыщэ медалыр

• Алыдж-урым бэнэкIэ

Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымрэ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ Орел къалэм и «ГРИНН» турист комплексым щекIуэкIащ тэмэму зэхэзымыххэм я зэхьэзэхуэхэр. Абы щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 16-м я бэнакIуэхэр, я ныбжькIэ илъэс 18 - 20-м къриубыдэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр Орел къалэм лъагэу щиIэтащ Тэрч щIыналъэм щыщ КIыщ Аслъэнбэч. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 72-рэ зи хьэлъагъхэм я деж адыгэ щIалэм дыщэ медаль къыщихьащ. КIэух зэхьэзэхуэм абы къыщыпэщIэтащ Якутием и спортсмен Гаврильев Арылхъан, ауэ Акъбащ Ипщэм и спорт еджапIэм и гъэсэным къызэрытекIуэн Iэзагъ абы къыкъуэкIакъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, нэгъабэ Орел къалэм апхуэдэ дыдэ ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьауэ щытащ КIыщым.

Ди бэнакIуэ ныбжьыщIэм дэлажьэхэр КIыщ Муратрэ Къардэн Анзоррэщ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Псыхуабэ къыщыхожаныкI

• Бокс

Бахъсэн къалэм и спорт еджапIэхэм я гъэсэнхэр хэтащ «Боксым узэкъуегъэувэ» фIэщыгъэр зезыхьэ, боксымкIэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIауэ Псыхуабэ къалэм щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэ зэIухам икIи ехъулIэныгъэфIхэр абы щызыIэрагъэхьащ.

Я ХЬЭЛЪАГЪРЭ я ныбжьрэ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Дыгулыбгъу Ибрэхьим, Бакъей Ехья, Багъ Инал, Абрэдж Андемыркъан, Хэжь Iэдэм, Сэбаншы Мансур, Кхъуэlуфэ Идар, Кхъуэlуфэ Дамир, Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Джэрыджэ Iэдэм, Къунаш Iэбузар, Хъыжьрокъуэ Алий, Бахъсэн Ибрэхьим, Дыду Абдурэхьмэн, Бещто Муслим сымэ.

Къунаш Умар, Бещто Ислъам, БжьыхьэлI Ансар, ЛIыгуащIэ Алан, Жамырзэ Мухьэмэд, Бещто Идар, Къурш Алан, Ашэбокъуэ Мансур, Факъуэ Аслъэнбэч, Хьэщпакъ Амир сымэ етIуанэ хъуахэщ.

Спортсмен ныбжьыщIэхэм я тренерхэр Бахъсэн Нурмухьэмэд, Алъудокъуэ Хьэсэн, Батырдэгу Рэмэзан, Бэрэгъун Аскэр, Джэрыджэ Ислъам сымэщ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Къэнэжар джэгугъуитIщ

• Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэм пашэныгъэ къыщыхьыным щIэбэнхэм я зи чэзу зэIущIэхэр зэхэтащ. Абы Псынэдахэ къуажэм и топджэгухэр чемпионыгъэм нэхъ гъунэгъуж яхуищIащ.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ «Родник»-м епщыкIузанэ джэгугъуэм епщIанэ текIуэныгъэр бжыгъэшхуэкIэ, 5:0-у, къыщихьащ. Бэчбохэ Муратрэ Батырбийрэ, Джэрыджэ Алихъан, КIыщ Залым, Хасцаев Дзамболат сымэ къыхудагъэкIа топхэм «Мурбек-ФШ»-м и футболистхэм зы жэуапи иратыжыфакъым.

Бжыгъэ зэщхькIэ, 2:0-у, етIуанэ увыпIэм щыт Алътуд и «Искра»-р тхьэмахуэ блэкIам джэгугъуитIым щытекIуащ. ЯпэщIыкIэ, ягъэIэпхъуа зэIущIэм «Малка»-р щыхигъэщIащ. КъыкIэлъыкIуэм Бабугент и «Логоваз»-м щефIэкIащ.

Ещанэ увыпIэр зэкIэ зэдагуэш Зеикъуэ и «Шагъдий»-мрэ Налшык и «ГорИс»-мрэ. Абыхэми зи чэзу текIуэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ. Зеикъуэдэсхэр тынш дыдэу, иужь увыпIэм щыт икIи псоми къыхагъэщIэ, Къэрэгъэш и «Иналым» 4:0-у текIуамэ, «ГорИс»-р хуабжьу гугъу дехьащ Зэрэгъыж къикIахэм.

Джэгугъуэ блэкIам зы закъуэращ щызэрытемыгъэкIуар. Мамыру, зым адрейм топ зырыз худигъэкIауэ, зэбгъэдэкIыжащ «Сады Баксана»-мрэ «Псыгуэнсумрэ». Абы и зэранкIэ бахъсэндэсхэм ещанэ увыпIэр ябгынэри етхуанэм нэс къекIуэтэхащ.

Тхьэмахуэ ипэкIэ Псыгуэнсумрэ Зэрэгъыжымрэ я командэхэм я зэIущIэр ямыухыу зэрызэпагъэуам Къэбэрдей-Балъкъэрым ФутболымкIэ и федерацэм и контрольно-дисциплинарнэ комиссэм унафэ трищIыхьащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 3:1-уэ Псыгуэнсур текIуэу, лъэныкъуэхэм зэзэуэн щIадзащ икIи судьям джэгур игъэувыIэн хуейхъуащ. Абы и къызэщIэгъэстакIуэу зэрэгъыждэсхэр къалъытащ икIи 0:3-уэ фIахьауэ ятхащ. Къищынэмыщlауэ, «нэхъ къыхэжаныкIа» а къуажэм и футболиститIым хуагъэуващ илъэскIэ топ джэгуну хуимыту.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиIыгъщ мыгъэрей зэхьэзэхуэм 13-рэ я хьэрхуэрэгъухэм егуауа «Родник»-м и пашэ ХъутIэ Анзор. Абы топищкIэ къыкIэрохуэ «Логоваз»-м щыщ Мокаев Таулан. Ещанэ увыпIэр зэдаугуэш «Искра»-м и гъуащхьауэ Апажэ Чэримрэ «Сады Баксана»-м хэт Хуболов Аслъэнрэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къриуба бжыгъэхэм: **«Зэрэгъыж»** (Зэрэгъыж) - - **«ГорИс»** (Налшык) - **2:3**, **«Искра»** (Алътуд) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **2:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) – **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) - **5:0**, **«Спартак-Д»** (Налшык) – **«Урыху»** (Урыху) - **3:2**, **«Сады Баксана»** - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **1:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Малка»** (Малкэ) - 2:**3**, **«Инал»** (Къарэгъэш) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) – **0:4**.

Зи чэзу зэIущIэхэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэдэджэгунущ: мазаем и 8-м – **«Шагъдий»** - **«Мурбек-ФШ»**, **«Урыху»** - **«Искра»**, **«Родник»** - **«Псыгуэнсу»**; **мазаем и 9-м** - **«Малка»** - **«Зэрэгъыж»**, **«Логоваз»** - **«Ислъэмей»**, **«ГорИс»** - **«Сады Баксана»** зэIущIэхэр. Абы щыгъуэми псынэдахэдэсхэм Псыгуэнсу къикIахэр хагъащIэмэ, чемпионыгъэр я Iэрылъхьэщ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**11**	**10**	**1**	**0**	**42 - 6**	**31**
2. «Искра»	**10**	**8**	**1**	**1**	**26 - 4**	**25**
3. «Шагъдий»	**11**	**6**	**2**	**3**	**21 - 13**	**20**
4. «ГорИс»	11	6	2	3	24 - 21	20
5. «Сады Баксана»	11	6	1	4	18 - 18	19
6. «Логоваз»	11	5	2	4	19 - 22	17
7. «Малка»	11	5	2	4	21 - 17	17
8. «Ислъэмей»	11	5	1	5	21 - 22	16
9. «Мурбек-ФШ»	10	3	4	3	15 - 18	13
10. «Спартак-Д»	11	3	4	4	19 - 24	13
11. «Псыгуэнсу»	11	3	2	6	14 - 18	11
12. «Урыху»	11	2	1	8	13 - 23	7
13. «Зэрэгъыж»	11	2	1	8	13 - 30	7
14. «Инал»	**11**	**0**	**0**	**11**	**10 - 41**	**0**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.413
Заказыр № 235

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Маруся** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.